

**LIV KI BAY ENFÒMASYON
SOU SIPÒ TIMOUN**

POU

**PARAN KI P AP VIV
AVÈK PITIT YO**

LIV KI BAY ENFÒMASYON SOU SIPÒ TIMOUN POU PARAN KI P AP VIV AVÈK PITIT YO

SA KI NAN LIV LA

Entwodiksyon

Sipò Timoun Ak Tribinal Ki Okipe Zafè Fanmi

Patènite

Demann Nan Tribinal

Fason Pou Peye Lòd Sipò Timoun Ou

Kote Peman Yo Ale

Paran K Ap Viv Avèk Timoun Ak Vizit

**Kredi Nan Taks Sou Revni Pwofesyonèl Paran Ki P Ap Viv Avèk Timoun
Nan**

Chanjman Lòd Sipò Timoun Ou Ak Dèt Ou Genyen

Lè Ou Anreta Nan Peman Yo

Anilasyon Lòd Sipò Timoun

Enfòmasyon Ak Resous Pou Paran Ki P Ap Viv Avèk Pitit Li

Fòm Rekonesans Patènite

Modèl Lòd Sipò Timoun

Glosè Tèm Ki Asosye Avèk Sipò Timoun

Entwodiksyon

Chak timoun ta dwe kapab konte sou toulède paran yo pou lanmou ak sipò. Sa vrè menm lè toulède paran yo p ap viv ansanm oswa menm lè yo pa t janm marye youn ak lòt. Li pi bon pou patisipe nan lavi pitit ou depi lè li fèt, men li pa janm twò ta pou vin yon paran ki responsab ak gen lanmou pou pitit ou. Youn nan sa yon paran ki responsab dwe fè se bay sipò lajan pou pitit ou yo.

Biwo Egzekisyon Sipò Timoun [Office of Child Support Enforcement (OCSE)] konsidere timoun yo anvan. Pou fè sa, yo ede paran yo pran responsablite yo pou enterè ekonomik ak sosyal ak sante ak establiite pitit yo. Nou rekonèt kijan pi bon relasyon enpòtan avèk toulède paran yo.

Kèk nan sèvis pou paran k ap viv avèk pitit li (paran k ap viv avèk pitit yo epi k ap pran swen pitit yo) se chèche paran ki p ap viv avèk timoun nan (paran ki p ap viv nan kay la), pou detèmine patènite a, pou remèt lòd pou prezante nan tribinal, pou ede detèmine sipò timoun nan ak sipò medikal dapre lòd tribinal, epitou pou touche lajan ak ranfòse lòd sa yo. OCSE ede paran ki p ap viv avèk pitit yo. Pou fè sa, yo ofri pwogram pou ede paran yo satisfè obligasyon sipò timoun yo, epi pou kontwòle dosye sipò timoun yo. Yo bay sèvis yo pou tout paran yo kèlkeswa revni yo touche ak kondisyon imigrasyon yo.

Menmsi pifò paran ki p ap viv avèk pitit yo se papa yo, se pa toujou ka a. Nan kèk fanm, papa a se paran k ap viv avèk timoun yo epi manman an se paran ki p ap viv avèk an. Nan lòt fanmi yo, granparan yo, oswa lòt manm fanmi yo, se premye moun k ap pran swen timoun yo, epi yo konsidere papa a ak manman an kòm paran ki p ap viv avèk timoun yo. Enfòmasyon ki nan tiliv sa a se pou tout paran ki p ap viv avèk pitit yo. Nou ankouraje ou pou li tiliv sa a epi pou aprann konnen dwa ak responsablite ou nan pwosesis sipò timoun nan. Konesans sa a ap ede pran desizyon ki baze sou enfòmasyon epi pou kontwòle dosye sipò timoun ou.

Sipò Timoun ak Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi

Anpil moun panse Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi ak OCSE fè pati nan menm ajans lan. Se pa vrè. Chak ajans gen yon diferan fonksyon nan pwosesis sipò timoun nan.

The Office of Child Support Enforcement (OCSE) (Biwo Ranfòsman Sipò Timoun) se yon pati nan Administrasyon Resous Imèn (HRA) Vil New York, yon ajans Vil New York. OCSE se premye kote pou paran k ap viv avèk timoun nan kontakte nan pwosesis sipò timoun nan. Depi gen yon aplikasyon ki ranpli pou sèvis yo, OCSE kòmanse dosye sipò timoun nan. OCSE ap detèmine patènite a nan yon pwosesis volontè, y ap chèche paran ki p ap viv avèk timoun nan, epitou y ap remèt paran an lòd pou prezante nan tribinal. Apre tribinal la detèmine lòd sipò timoun nan, OCSE ap kontwòle, touche lajan epi distribiye peman yo. Lè peman yo anreta, OCSE gen otorizasyon pou ranfòse lòd yo avèk mwayen administratif.

Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi se yon pati Sistèm Tribinal Inifye Eta New York. Wòl tribinal la nan sipò timoun nan se pou travay sou demann yo, bay dat odyans lan, detèmine lòd relasyon paran an (si yo pa t detèmine patènite nan pwosesis volontè); detèmine nouvo sipò timoun nan ak lòd sipò medikal epi fè chanjman nan sa ki la deja. Lè peman yo anreta, yo ka fè yon demann pou vyolasyon, epi tribinal la ka ranfòse lòd la avèk mwayen lajistis. Yo dwe fè yon demann pou swa ogmante oswa diminye kantite lajan yon lòd sipò timoun avèk aplikasyon yon demann pou modifikasyon nan tribinal la. OCSE pa kapab fè chanjman sa yo pou ou.

Patènite

Patènite vle di lè yon gason se papa. Detèminasyon patènite vle di idantifikasyon legal papa byolojik la lè paran yo pa marye youn ak lòt. *Yo kapab detèmine patènite a nenpòt kilè anvan timoun nan vin gen laj 21 ane.* Pa gen restriksyon sou laj pou paran k ap detèmine patènite a. Paran adolesan yo kapab detèmine patènite a san konsantman oswa siyati paran yo.

Pou Kisa Ou Ta Dwe Detèmine Patènite

- Pou hay pitit ou kèk avantaj tankou: asirans sante, sipò timoun, sekirite sosyal, alokasyon militè, pansyon, dwa pou eritye ou, ak dwa pou jwenn istwa medikal fanmi ou
- Pou pote non papa a nan batistè timoun nan.
- Pou dwa pou mande vizit oswa pou viv avèk timoun nan lè ou ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.
- Pou dwa pou konsiltasyon sou desizyon konsènan avni timoun nan si paran k ap viv avèk timoun nan pa kapab pran swen timoun nan.

Fason pou Detèmine Patènite

Rekonesans Patènite Volontè

Si toulède paran yo dakò, yo kapab siyen yon Rekonesans Patènite (AOP) imedyatman tibebe a fèt. Rekonesans patènite nan lopital la, lè tibebe a fèt, vle di non papa a ap parèt nan batistè timoun nan touswit. Sinon, zòn sa a ki nan batistè a ap rete vid.

Aprè tibebe kite lopital la pou ale lakay li, yo kapab toujou detèmine patènite a avèk pwosesis volontè a. Pou fè sa, yo kapab kontakte OCSE oswa Depatman Sante ak Sante Mantal (DOHMH) Vil New York. Si yo detèmine patènite a apre tibebe a kite lopital la, y ap fè amannman nan batistè pou mete non papa a epi pou chanje non fanmi timoun nan, si sa nesèsè.

- Paran yo pa gen obligasyon pou siyen AOP a anmenmtan.
- Ou kapab detèmine patènite a menmsi ou nan fòs lame, nan prizon, oswa deyò peyi a.
- Si ou pa sèten se ou ki papa timoun nan, pa siyen fòm AOP a. Mande yon tès ADN epi rete tann rezilta yo anvan ou pran desizyon sa a.

Fason pou Anile Rekonesans Patènite a

- Depi yo depoze AOP nan DOHMH, li vin yon dokiman legal. Si ou chanje lide pou detèminasyon patènite a, w ap gen pou ale nan tribinal pou fè yon demann pou anile AOP. Si ou gen laj 18 tan oswa plis lè ou te siyen AOP a, ou dwe fè depoze li **anvan**
 - 60 jou apre ou siyen AOP a, oswa
 - 60 jou apre ou gen pou reponn nenpòt demann tribinal sou timoun nan.Si ou gen mwens pase laj 18 tan lè ou te siyen AOP a, ou dwe depoze li **anvan**
 - 60 jou apre lè ou vin gen laj 18 tan; oswa
 - 60 jou apre ou gen pou reponn nenpòt demann tribinal konsènan timoun nan si yo te fè ou konnen dwa ou pou anile AOP a nan yon pwosedi ki gen pou wè ak timoun nan.
- Apre limit tan sa yo pase, sèl fason pou konteste Rekonesans Patènite a nan tribinal se montre dokiman ki pwouve fwod, kontrent, oswa erè enpòtan nan done yo. Menm apre, tribinal la kapab deside li nan pi bon enterè timoun nan pou pa rekòmande tès jenetik la.

Detèminasyon Patènite Nan Tribinal

Li ka nesèsè pou detèmine patènite nan tribinal si:

- Paran yo pa kapab dakò pou siyen fòm AOP a.
- Manman an toujou marye legalman avèk yon lòt moun, menmsi li konnen mari li pa papa timoun nan.
- Gen dout sou idantite papa a epi nenpòt nan paran yo refize fè tès ADN.
- Ou nan tribinal pou yon odyans sipò timoun epi yo poko detèmine patènite a.

Nenpòt paran ka fè yon demann pou detèmine patènite a nan tribinal. Ou kapab ale nan tribinal pou fè demann an oswa ou kapab ale sou entènèt pou jwenn Fòm DIY [Do-It-Yourself (Do-It-Yourself) Eta New York nan sitwèb www.nycourthelp.gov pou fè yon demann patènite nan yon pwogram òdinatè konvèsasyonèl. Depi ou pran demann an epi siyen li, ou kapab pote li nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi oswa ou kapab fakse li ba yo. Y ap ba ou yon dat pou odyans lan ak

eksplikasyon sou sa pou fè answit. Lè yo detèmine patènite a nan yon odyans tribinal la, y ap pibliye yon Relasyon Paran epi y ap voye li ba DOHMH. Y ap fè chanjman nan batistè a pou mete non papa epi y ap chanje non fanmi timoun nan, si ou mande sa.

Rejis Papa Sipoze

Depi yo detèmine patènite a, y ap voye enfòmasyon ba Rejis Papa Sipoze Eta New York (PFR), ki konsève yon dosye papa legal yo pou Eta a. Ou ka konsilte PFR nan zafè eritaj, adopsyon oswa nan nenpòt lòt zafè legal ki egzije pou mete papa yon timoun okouran.

Tès ADN

- Si gen nenpòt dout sou idantite papa byolojik la, mande pou fè yon tès ADN. Kontakte ofisyè eta sivil pou nesans nan lopital kote tibebe a te fèt, oswa kontakte Inite Sèvis Èd OCSE ak Patènite **nan nimewo 929-221-5008**. Si ou prale nan tribinal pou yon odyans sipò timoun, Majistra Sipò a ka egzije yon tès ADN si li nesèsè.
- Y ap voye ou nan yon laboratwa leta sètifye pou tès ADN ki pa koute chè. Y ap itilize yon tanpon pou pran echantyon ADN andedan bouch tibebe a ak toulède paran yo; tès la fèt rapid epi li pa lakòz doulè.
- Ou pa oblije ale nan laboratwa a menm jou avèk lòt paran an; si ou poko gen laj 18 tan, laboratwa a ka egzije pou fè youn nan paran ou yo akonpaye ou.
- Y ap voye rezilta yo ba ou pa lapòs nan apeprè 2 semèn apre laboratwa a resevwa tout echantyon yo.
- Si ou deja ap peye sipò timoun anba lòd tribinal la, epi si ou vle fè yon tès ADN, ou dwe fè demann lan nan tribinal la. Si yon tès ADN pwouve se pa ou ki papa byolojik la, y ap sispann lòd la imedyatman. Yon odyans tribinal ap obligatwa, epi y ap pran yon desizyon ki nan pi bon enterè timoun nan.

Demann Nan Tribinal

Lòd sipò timoun se dokiman legal yo detèmine nan tribinal. Nenpòt paran ka fè yon demann nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou yon odyans sipò timoun. Si paran k ap viv avèk timoun nan ak/oswa timoun nan aplike pou èd lajan kach (cash assistance) oswa si y ap resevwa èd lajan kach, Depatman Sèvis Sosyal (ki rele Administrasyon Resous Imèn, HRA tou) ap fè yon demann otomatikman sou non timoun nan. Paran k ap viv avèk timoun k ap resevwa Èd Lajan Kach gen obligasyon pou kolabore avèk sipò timoun pou yo kapab resevwa tout avantaj yo pou fanmi yo. Si paran k ap viv avèk timoun yo pa respekte egzijans sipò timoun sa ka lakòz avantaj lajan kach yo redui a 25% epitou sa ka lakòz yo pèdi Medicaid pou tèt yo. Paran k ap viv avèk timoun yo ka jwenn egzanpsyon pou yo pa kolabore si gen 'rezon valab', ki vle di gen laperèz pou vyolans nan kay anjeneral.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan odyans sou sipò timoun, tanpri gade videyo a sou entènèt nan sitwèb http://www.youtube.com/watch?v=7G_5uovMCj4.

Sa Ou Bezwen Konnen Sou Odyans nan Tribinal

- Lè ou fè yon demann pou patènite oswa pou sipò timoun, w ap resevwa yon lòd pou prezante nan tribinal, swa pa lapòs oswa yon moun ap pote li ba ou. Lòd la ap gen ladan dat, lè ak kote odyans lan ap fèt, epitou l ap gen ladan Deklarasyon sou Sèman pou Divilgasyon Enfòmasyon Finansye pou ou ranpli, ak yon lis dokiman ou ta dwe pote nan odyans lan.
- Pou jwenn enfòmasyon enpòtan sou pwosesis tribinal ak gid sou fason pou ranpli fòm yo, ale sou sitwèb (Enfòmasyon Legal pou Jodi a (Legal Information for Today): <http://www.liftonline.org/>).
- Pwogram Akò Èd Lajan Kach [Cash Assistance Agreement Program (CAAP)] OCSE pèmèt fanmi k ap resevwa èd lajan kach nan tout senk (5) minisipalite yo pou detèmine patènite, lòd sipò timoun, ak lòd sipò medikal nan Sant Sèvis Kliyantèl san Randevou (Customer Service Walk-In Center) OCSE. Yo siyen akò yo epi yo voye yo ba Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou apwobasyon, souvan san paran yo pa gen pou prezante nan tribinal.

- Yo *p ap* poze ou kesyon sou kondisyon imigrasyon ou nan tribinal la oswa nan okenn lòt lè pandan pwosesis sipò timoun nan.
- Pote tout kantite enfòmasyon ou kapab sou revni ou ak depans ou. Yon Majistra Sipò ap koute temwayaj toulède paran yo, l ap revize enfòmasyon ou bay yo, epitou l ap itilize Gid Eta New York pou Sipò Timoun pou kalkile kantite lajan pou lòd sipò a.
- Tribinal ki Okipe Zafè fanmi pa menm avèk Tribinal Kriminèl epi yo pa divilge enfòmasyon yo youn ba lòt.
- Li pa nesèsè pou gen yon avoka nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, menm ou ka pran youn si ou vle. Si paran k ap viv avèk timoun nan ak/oswa timoun nan ap resevwa èd lajan kach, yon avoka ap la pou reprezante Depatman Sèvis Sosyal. Se paske lè gen èd lajan kach nan dosye a, se Depatman Sèvis Sosyal ki fè demann pou mande sèvis sipò a, pa paran k ap viv avèk timoun nan.

Pou Kisa Ou Ta Dwe Vini nan Odyans lan

- Ou gen obligasyon pou la nan odyans lan. Si ou pa kapab patisipe nan odyans lan, kontakte tribinal la pou mande pou yo chanje dat la.
- Si ou pa bay enfòmasyon finansye ki ase oswa si ou pa vini nan odyans lan, Majistra Sipò a kapab toujou egzije ou pou peye sipò timoun. Pou fè sa lè bay yon lòd pa kontimas kont ou. Paske yon lòd pa kontimas pa baze sou revni egzat ou, li ka plis pase sa ou kapab gen mwayen pou peye.
- Depi tribinal la bay yon lòd pa kontimas kont ou, ou kapab fè yon demann nan tribinal la pou mande pou yo bese li. Annatandan, kantite lajan sipò timoun ou dwe a ap ogmante si ou pa peye li epitou si lòd la vin kalifye pou yo fè gwo aksyon ranfòsman.
- Si ou panse se pa ou ki papa timoun nan, ale nan odyans lan epi mande pou yo fè yon tès ADN.

Dokiman W Ap Bezwen Yo

Pote tout kantite enfòmasyon ou kapab ki endike anba la a:

- Dokiman ki montre non ou ak nimewo sekirite sosyal ou oswa ITIN (Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyèl) ou
- Dokiman ki montre non ou ak nimewo sekirite sosyal ou oswa ITIN (Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyèl)
- Fòm Deklarasyon sou Sèman pou Divilgasyon Finansye ou ranpli ki te vini ansanm avèk lòd pou prezante nan tribinal la
- Dokiman ki pwouve adrès ou
- Non, adrès ak nimewo telefòn kote w ap travay la oswa dènye travay ou
- Kat asirans sante
- Dokiman ki pwouve revni/avantaj
 - 3 dènye souch chèk peman ou
 - Fòm W2
 - Lèt patwon ou bay ki verifye travay ou ak salè ou
 - Kopi dènye fòm deklarasyon taks sou revni ki gen dokiman siplemantè
 - Avantaj sekirite sosyal oswa lòt avantaj akòz andikap
 - Avantaj asirans chomaj
 - Etadkont labank
- Dokiman ki pwouve nenpòt lòt timoun oswa ansyen madanm/mari w ap sipòte
- Dokiman ki pwouve depans an kay, bòdwo ki pa peye ak lajan ou prete

Fason pou Prezante Tèt ou nan Tribinal

Lè ou ale nan tribinal, ou vle Majistra Sipò a tande sa ou gen pou di a epi pou li pran yon desizyon. Si ou vle yo pran ou oserye, ou dwe montre ou gen respè pou tribinal la.

- Rive alè.
- Mete rad ki apwopriye tankou yon chemiz ki gen yon kole oswa manch, ak pantalon long

- Prepare ou avèk yon lis enfòmasyon enpòtan ou vle di
- Pale lè se lè pa ou pou fè sa; pa pale dirèkteman avèk paran k ap viv avèk timoun nan; montre ou dirèk epi ale nan pwèn an paske pa gen ase tan.

Konbyen Lajan Sipò Timoun Ou Kapab Gen Obligasyon pou Peye

Lwa Eta New York sou Nòm Ofisyèl Sipò Timoun (CSSA) fikse kantite lajan debaz pou sipò timoun nan yon pousantaj fiks revni paran yo. Itilizasyon pousantaj sa yo ap asire timoun yo jwenn avantaj nan menm nivodvi yo ta genyen si paran yo t ap viv ansanm. Yo itilize pousantaj sa a pou tout dosye kote revni total paran yo pa depase \$141,000. Pou revni total ki depase \$141,000, Majistra Sipò a kapab chwazi si pou li itilize oswa pou li pa itilize gid pousantaj la, epitou li ka konsidere lòt enfòmasyon yo lè l ap kalkile tout kantite lajan sipò a.

Fason yo Kalkile Kantite Lajan Lòd Sipò a

Kantite lajan sipò debaz la se yon pousantaj revni anvan dediksyon yo mwen taks Vil New York, dediksyon sekirite sosyal ak dediksyon Medicare, ak nenpòt sipò timoun oswa sipò madanm/mari ou peye nan moman an ba yon lòt fanmi. Li depannde kantite timoun ki konsène nan dosye a tou. Revni an kapab se salè ou touche nan yon djòb, konpansasyon travayè, peman avantaj akòz andikap, avantaj pou chomaj, peman sekirite sosyal, ak anpil lòt fòm revni. Yo pa konsidere Èd lajan kach ak SSI kòm revni.

1 timoun	17%
2 timoun	25%
3 timoun	29%
4 timoun	31%
5 timoun oswa plis	omwen 35%

Pa egzanp, si ou touche \$35,000 dola chak ane apre dediksyon CSSA aksepte yo, epi si ou gen 1 timoun, kantite lajan debaz sipò timoun nan ap apeprè \$115 dola pa semèn. Pou de (2) timoun ki nan menm fanmi an, lòd sipò a ta ogmante a \$168 dola pa semèn.

Anplis kantite lajan debaz obligasyon an, lòd sipò timoun an dwe gen ladan **sipò medikal**, ki vle di depans pou swen sante pou timoun nan tankou prim asirans, franchiz asirans ak kopeman; de (2) paran yo bay patisipasyon yo nan depans pou sipò medikal la, dapre revni yo. Nenpòt paran yo ka gen obligasyon pou antre timoun sa a nan yon plan asirans sante, si li disponib nan djòb yo. Asirans dwe disponib pou yon pri rezonab pou anplwaye a, epitou sèvis medikal yo dwe disponib kote timoun nan ap viv. **Depans rezonab edikasyon ak gadri** pou timoun nan ka antre tou nan lòd sipò timoun nan. Anjeneral, de (2) paran yo patisipe nan depans sa yo, dapre revni yo.

Dat nenpòt lòd sipò timoun kòmanse se dat ou te fè demann an, pa dat yo te detèmine lòd la nan tribinal. Pa egzanp, si ou te fè demann an 1ye oktòb, epi tribinal la te detèmine yon sipò timoun pou \$115 dola pa semèn nan yon odyans nan dat 5 desanm, paran ki p ap viv avèk timoun nan ta kòmanse deja dwe plis pase \$1,000 dola nan sipò timoun retwo-aktif.

Kantite Lajan Lòd Sipò Timoun pou Paran ki p ap viv avèk Timoun epi ki pa Touche Ase Revni

Li enpòtan anpil pou ale nan odyans lan epi pou pote enfòmasyon finansye ou, yon fason pou Majistra Sipò a kapab detèmine yon lòd ki baze sou revni ou.

- Si revni ou touche chak ane anba rezèv sipò endepandan Eta New York (SSR) (\$15,755 dola pou ane 2014 la), tribinal ka detèmine lòd sipò timoun ou a \$50 dola pa mwa. SSR ak nivo federal povrete chanje chak ane.

- Si revni ou touche chak ane anba nivo federal povrete pou yon moun, (\$11,670 dola pou ane 2014 la), tribinal ka detèmine lòd sipò timoun ou a \$25 dola pa mwa, epitou kantite lajan aryere ou dwe ap \$500 dola sèlman.
- Si ou gen yon djòb ki pa peye ou ase lajan oswa si ou p ap travay, *Majistra Sipò* a ka voye ou nan Sipò Nan Pwogram pou Jwenn Travay (STEP). Y ap voye ou nan yon òganizasyon k ap ede ou jwenn yon djòb. Depi ou kòmanse touche lajan, kantite lajan sipò timoun ou ka ogmante nan yon odyans nan tribinal la.

Apres Odyans lan Fini

- Si tribinal la detèmine yon lòd sipò timoun, w ap resevwa yon fèy eksplikasyon pou peman, k ap endike kantite lajan lòd sipò timoun nan ak fason pou kòmanse fè peman yo. Nan pifò ka yo, w ap resevwa yon kopi lòd la nan menm jou odyans lan fèt. Si sa pa posib, yo ka voye lòd la ba ou pa lapòs oswa ou ka retounen nan tribinal nan yon lòt dat pou mande yon kopi.
- Li lòd sipò timoun ou, asire ou konprann li, epi sere yon kopi. Si ou pa dakò avèk lòd sipò timoun nan, ou gen 30 jou ki vini apre dat detèminasyon lòd la pou fè yon demann alekri nan tribinal la. Yon jij ap revize dosye a epi l ap deside si lòd la kòrèk oswa si li ta dwe chanje. Gen yon modèl lòd sipò timoun nan fen tiliv sa a.
- Apre yo antre lòd la sistèm òdinatè sipò timoun, w ap resevwa yon lèt pa lapòs k ap fè ou konnen konbyen lajan ou dwe peye ak konbyen peman ou dwe fè. Li lèt sa a avèk anpil atansyon pou asire si tout enfòmasyon yo egzat. Kontakte OCSE pou nenpòt koreksyon.
- Ou kapab konekte nan sitwèb childsupport.ny.gov pou wè kondisyon kont ou, ansanm ak enfòmasyon sou peman yo.

Fason Pou Peye Lòd Sipò Timoun Ou

Fason Peman yo Fèt

Ou responsab pou peye lòd sipò timoun ou. Si w ap travay, y ap voye yon avi ba patwon ou. Avi sa a ap gen enstriksyon pou pan peman sipò timoun ou nan salè ou epi pou voye lajan an ba OCSE. Yo kapab pran peman sipò timoun nan tou dirèkteman nan lòt sous revni tankou pansyon, alokasyon militè, sekirite sosyal, andikap, ak asirans chomaj. Yo pa kapab pran peman sipò timoun ou nan avantaj èd lajan kach oswa nan avantaj SSI. Si lòd sipò ou gen sipò medikal la, y ap voye yon avi ba patwon ou pou li pran depans avantaj asirans sante pou pitit ou nan chèk peman ou.

- Li ka pran kèk semèn nan moman yo tribinal la detèmine sipò timoun nan jouk lè yo pran peman yo nan chèk peman ou. Annatandan, w ap gen obligasyon pou fè peman yo dirèkteman ba OCSE. Si ou se yon travayè endepandan, w ap gen obligasyon pou fè peman yo dirèkteman ba OCSE regilyèman. Voye peman yo sou fòm chèk sètifye oswa chèk postal (money order) nan **New York State Child Support Processing Unit, P.O. Box 15363, Albany, NY 12212-5363**. Ou ka fè peman yo sou fòm elektwonik tou. Ale sou sitwèb Eta New York (childsupport.ny.gov) pou jwenn detay. Ou kapab fè peman yo avèk kat kredi tou nan Sant Sèvis Kliyantèl OCSE san Randevou (OCSE Customer Service Walk-In Center) (151 West Broadway, 4th floor).
- Li enpòtan pou fè peman yo alè. Si ou anreta nan peman yo epi si peman yo sòti dirèkteman nan revni ou touche djòb ou oswa nan lòt sous revni, dediksyon regilye yo ka ogmante a yon lòt 50% jouk lè ou peye kont ou nèt, epitou yo ka pran lòt mezi ranfòsman kont ou.

Pa egzanp, si lòd sipò timoun ou se \$115 dola pa semèn epi ou dwe sipò timoun ki anreta, w ap gen pou peye yon lòt kantite lajan \$57.70 (50% nan \$115 dola) pou yon total \$172.50 dola pa semèn jouk lè ou peye kont ou nèt.

Revizyon Difikilte

- Si yo ogmante peman ou yo pou yon ti tan a yon lòt 50% anplis lòd regilye a, Eta New York ap asire peman kantite lajan anplis sa a pa kreye yon difikilte pou ou lè li kite revni ou anba rezèv sipò endepandan anyèl, ki se \$15,755 dola pou ane 2014 la. Pa egzanp, si lòd sipò timoun ou se \$300 dola pa mwa, kantite lajan y ap mete sou li ap \$150 dola, pou yon total \$450 dola pa mwa. Si \$150 dola anplis la redui revni anyèl ou pou mete li anba rezèv sipò endepandan, ou ta dwe ale nan Sant Sèvis Kliyantèl OCSE san Randevou pou mande yon revizyon difikilte.
- Yo ka retire yon pati oswa tout kantite lajan \$150 dola a si ou kapab pwouve ou gen yon difikilte, men lòd sipò timoun nan p ap chanje. Nan kèk ka, anplwaye Sèvis Kliyantèl la ka gen posiblite pou bese lòd sipò timoun nou nèt ak/oswa aryere yo (gade seksyon ki rele Pwogram Rediksyon Dèt pou paran ki p ap viv avèk Timoun epi ki pa Touche Ase Revni). Sinon, ou dwe retounen nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi kote yo te detèmine lòd la pou fè yon demann pou yon diminisyon nan lòd sipò timoun nan.

Responsablite Patwon Ou

Dapre lalwa, patwon ou gen obligasyon pou pran peman tribinal egzije a pou sipò timoun ak sipò medikal nan salè ou. Dediksyon nan pewòl la pou sipò timoun ak sipò medikal se menm dediksyon pou tout moun, epi patwon yo konnen pwosesis sa a. Patwon ou pa kapab revoke ou, li pa kapab fè ou peye yon frè, oswa li pa kapab pratike diskriminasyon kont ou nan okenn fason akòz dediksyon pou sipò timoun nan. Si patwon ou gen kesyon, li ka jwenn èd depi li rele Liy Dirèk Sipò Timoun Eta New York nan (888) 208-4485, apre ou chwazi lang lan, epitou depi li dwe peze #2 (pou Patwon ak Founisè Revni).

Lwa Federal sou Pwoteksyon Kredi Konsomasyon (FCCPA) limite kantite lajan patwon ou kapab pran nan chèk peman ou. Kantite lajan maksimòm yo kapab pran se yon pousantaj revni disponib ou (kantite lajan ki rete apre yo retire taks federal, taks leta ak taks lokal, dediksyon sekirite sosyal ak dediksyon Medicare). Pousantaj la depannde kantite lajan ou dwe ak kantite lòd sipò timoun ou genyen.

Limit Lwa Federal sou Pwoteksyon Kredi Konsomatè [Federal Consumer Credit Protection Act (FCCPA)] sou Dediksyon pou Sipò

- 50% — sipò pou yon 2^{yèm} fanmi; ou pa gen aryere oswa ou gen mwens pase 12 semèn nan aryere
- 55% — sipò pou yon 2^{yèm} fanmi; plis pase 12 semèn nan aryere
- 60% — yon sèl fanmi; ou pa gen aryere oswa ou gen mwens pase 12 semèn nan aryere
- 65% — yon sèl fanmi; plis pase 12 semèn nan aryere

Pa egzanp: Paran ki p ap viv avèk timoun nan gen yon lòd sipò timoun (li p ap sipòte yon 2^{yèm} fanmi)

- Lòd sipò timoun nan se \$200 dola pa semèn
- Ou pa gen aryere
- Revni disponib ou se \$300 dola pa semèn
- Kantite lajan maksimòm yo kapab pran se \$180 dola pa semèn (\$300 x 60%)

Nan ka sa a, paran ki p ap viv avèk timoun nan ta dwe pale avèk patwon li pou bese dediksyon nan pewòl la pou sipò timoun nan paske kantite lajan y ap pran pi plis pase limit FCCPA. Anmenmtan, paran ki p ap viv avèk timoun nan ta dwe retounen nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi kote yo te detèmine sipò timoun nan pou li fè yon demann pou yon diminisyon nan lòd sipò timoun nan. Se paske menmsi patwon an pran mwens pase sa ki nan chèk peman an, kantite lajan pou lòd timoun nan p ap chanje. Nenpòt chanjman nan lòd la dwe fèt nan Tribinal ki Okipe Zafè fanmi kote yo te detèmine li.

Èd pou Jwenn yon Djòb

Si ou pa gen mwayen pou peye sipò timoun nan paske ou p ap travay oswa paske ou gen yon djòb ki pa peye ou ase lajan, gen pwogram ki kapab ede ou:

- Sipò nan Pwogram pou Jwenn Travay (STEP) se yon pwogram ki baze nan tribinal. Pou patisipe nan STEP, Majistra Sipò a dwe ba ou yon rekòmandasyon nan moman odyans sipò timoun ou. Anvan ou kite tribinal la, w ap rankontre avèk yon anplwaye OCSE k ap afekte ou nan yon òganizasyon kominotè k ap ede ou jwenn yon djòb. Y ap fè rapò sou patisipasyon ak pwogrè ou nan STEP ba tribinal la, epi sa ap gen efè sou desizyon Majistra Sipò a ap pran sou lòd sipò timoun.
- Families W.O.R.K. (Enfòmasyon sou Opòtinite ak Resous pou Travay pou Paran ki p ap viv avèk Timoun) se yon pwogram OCSE ki ede paran ki p ap viv avèk timoun satisfè obligasyon sipò timoun yo epi evite aryere yo anpile. Kèk nan sèvis yo se konsiltasyon pou dosye pèsònèl sipò timoun; yon revizyon pwogram kominotè ki disponib pou ede rezoud pwoblèm ki asosye ak rekòmandasyon nan travay pou yo kapab vin estab sou plan finansye epitou pou yo sipòte pitit yo.
- TXT-2-Work se yon èd volontè pou chèche djòb ki voye dènye enfòmasyon sou djòb yo poste ak sou rechèch djòb ak sou konsèy pou ekri rezime pou moun New York ki pa touche ase lajan epi ki abòne nan sèvis la, sitou moun k ap resevwa èd piblik. Vitès mwayen livrezon elektwonik abòne TXT-2-Work kapab li epi aplike pou yon djòb nan 24 èdtan apre vin gen posiblite a. Enskri depi ou voye tèks mo JOBS nan 877877 oswa depi ou ranpli fòm nan sou entènèt sou sitwèb http://home.nyc.gov/html/hra/businesslink/html/contact/text_2_Work.shtml.
- Workforce1 se yon sèvis yo bay nan Depatman Vil New York pou Sèvis pou Ti Biznis; li prepare ak konekte kandida ki kalifye pou djòb yo. Yo bay sèvis yo nan yon rezo Workforce1 Career Centers ki toupatou nan senk (5) minisipalite Vil la, epitou yo disponib pou Nouyòkè ki gen laj 18 tan ak plis. Pou jwenn plis enfòmasyon ak adrès Workforce, ale sou sitwèb yo nan www.nyc.gov/workforce1.

Lè ou Deklare Fayit

Lè ou deklare fayit sa pa anile obligasyon pou peye sipò timoun ou dwe nan moman an ak sa ki aryere. Dèt sipò timoun nan gen priyorite sou tout lòt moun ou dwe lajan. Si ou deja gen yon lòd sipò timoun, dediksyon nan pewòl la ap kontinye, epi pifò aksyon ranfòsman kapab toujou fèt, si yo anvigè. Si ou pa gen yon lòd sipò timoun, yo kapab toujou detèmine youn, kèlkeswa sityasyon fayit ou.

Ou Demenaje oswa ou Jwenn yon Lòt Djòb

Ou gen obligasyon dapre lalwa pou fè OCSE konnen si ou demenaje yon fason pou nou kapab rete an kontak avèk ou sou dosye ou. Si ou chanje djòb, fè nou konnen sa pou nou kapab fè nouvo patwon ou konnen pou li kòmanse pran peman sipò timoun ou nan chèk peman ou. Nenpòt sispanasyon nan peman yo ap lakòz ou gen sipò timoun ki pa peye, epitou sa kapab lakòz nou pran gwo mezi ranfòsman kont ou.

Lè Ou Ba Paran k ap viv avèk Timoun nan Lajan oswa Kado

- Depi ou gen yon lòd sipò timoun ou dwe peye OCSE, ou pa kapab fè peman yo dirèkteman ba paran k ap viv avèk timoun nan. Ou p ap jwenn kredi nan kont sipò timoun ou pou peman ou fè ba paran k ap viv avèk timoun nan, epitou ou ka gen dèt sipò timoun.
- Yo konsidere paran k ap viv avèk timoun nan epi k ap resevwa avantaj èd lajan kach la kòm paran ki fè fwod nan èd sosyal si li aksepte peman sipò timoun dirèk epi si li pa rapòte peman yo ba HRA.

Kote Peman Yo Ale

- Si paran k ap viv avèk timoun nan ak/oswa timoun nan ap resevwa èd lajan kach, fanmi an gen dwa pou kenbe jiska premye \$100 dola (\$200 dola pou 2 timoun oswa plis) nan sipò timoun y ap touche nan moman an chak mwa. Sa rele yon peman verifye oswa yon peman bonis epitou li se yon diplis nan avantaj lajan kach. Peman verifye a pa kapab pi plis pase sa nou touche a epitou li pa kapab pi plis pase kantite lajan lòd sipò timoun nan. Nenpòt lajan nou touche anplis peman bonis lan ap sèvi pou ranbouse Depatman Sèvis Sosyal (DSS) pou avantaj ou resevwa yo.
- Lè fanmi an p ap resevwa èd lajan kach ankò, lòd sipò timoun nan ap kontinye sof si paran k ap viv avèk timoun nan mande pou yo fèmen li. Tout lajan nou touche pou sipò timoun w ap peye nan moman an prale dirèkteman pou paran k ap viv avèk timoun nan. Nan kèk ka, OCSE ap toujou kenbe sipò anreta ou dwe nan moman lè fanmi an t ap resevwa èd lajan kach.
- Si paran k ap viv avèk timoun nan pa t janm resevwa èd lajan kach, n ap voye tout peman yo ba li.
- Nou ka itilize peman sipò timoun nan pou nenpòt depans ki asosye avèk byennèt timoun nan. Anplis depans tankou lekòl, rad ak depans medikal ak depans pou swen dan, paran k ap viv avèk timoun nan ka itilize peman sipò timoun nan pou depans kay tankou lwaye ak manje – nenpòt sa ki kontribiye nan kalite lavi timoun nan. Sonje, depans pou fè pou edike yon timoun wo anpil. Pou fanmi ki gen yon sèl paran epi k ap touche mwens pase \$56,870 dola anvan taks, frè ki estime pou edike yon timoun depi lè li fèt pou rive nan laj dezan se \$7,330 dola pa ane.

Gadyenaj Timoun Ak Vizit

Tribinal la pa diskite sou dwa pou viv avèk timoun ak vizit nan odyans sipò timoun nan, epi sijè sa yo pa fè pati nan lòd sipò timoun nan. Men, yo se pwoblèm ki emosyonèl pou paran yo. Sijè sa yo menmsi ou pa wè pitit ou, ou toujou gen responsablite legal pou peye sipò timoun dapre lòd tribinal la. Si paran k ap viv avèk timoun nan pa kite ou wè pitit ou, oswa si ou pa kapab dakò sou lòt kesyon edikasyon timoun nan, anvizaje medyasyon. Medyasyon kapab ede ou rezoud diferans yo, epitou li kapab ede ou amelyore relasyon ou avèk lòt paran an.

Sèvis medyasyon an disponib nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Nenpòt paran ka fè yon demann nan yon tribinal fanmi pou gen yon odyans pou detèmine paran ki dwe viv avèk timoun nan oswa pou aplike dwa vizit. Y ap diskite sou pwoblèm sa yo nan yon lòt odyans, ki pa menm avèk dosye sipò timoun nan. Nan odyans lan, jij/jij-abit la ka rekòmande paran yo pou medyasyon. Se yon okazyon pou toulède paran yo jwenn yon akò ki kapab vin yon lòd tribinal. Si paran yo pa kapab jwenn yon akò, yo dwe retounen nan tribinal la epi jij-jij-abit la ap pran desizyon ki nesèsè yo.

Sèvis medyasyon disponib tou san ou pa ale nan tribinal. Paran yo ka kontakte òganizasyon ki endike anba la yo dirèkteman pou yo jwenn sèvis medyasyon gratis:

- **New York Peace Institute:** 212-577-1740, 718-834-6681
- **Center for Mediation & Training:** 212-799-4302
- **Community Mediation Services:** 718-523-6868
- **Pwogram Èd pou Paran:** 800-716-3468 – ki finanse avèk lajan gouvènman federal se yon liy telefòn dirèk ki gratis ak sekre pou manman ak papa k ap viv apa.

KREDI NAN TAKS SOU REVNI PWOFESSIONÈL PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN NAN

Ou ka kalifye pou yon KREDI NAN TAKS Eta New York sou Revni Pwofesyonèl Paran ki p ap viv avèk Timoun si ou satisfè tout kondisyon ki endike anba la a. Pou resevwa kredi sa a, ou dwe ranpli yon fòm deklarasyon taks Eta New York, epitou ou dwe mete fòm taks IT-209 ladan.

- Ou fèt pou ap viv nan Eta New York pandan tout ane a.
- Ou dwe gen omwen laj 18 tan
- Gen yon nimewo sekirite sosyal ki valab pou travay (ou pa kapab itilize ITIN-nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyèl)
- Gen yon timoun minè ki p ap viv avèk ou
- Gen yon lòd sipò timoun ou dwe peye ba Inite Rekouvremant Sipò OCSE Eta New York
- Dwe fè tout peman yo pou tout ane fiskal la
- Pa t gen plis pase \$3,300 dola nan revni envestisman (epay, aksyon, obligasyon, elatriye)
- Gen yon revni maksimòm brit \$37,870 dola chak ane (ane fiskal 2013). Chif sa a chanje chak ane; ale sou sitwèb nyc.gov pou jwenn valè revni anyèl la anvan dediksyon.

Chanjman Lòd Sipò Timoun Ak Dèt Ou Genyen

Fason pou Mande yon Modifikasyon nan Tribinal

Lòd sipò timoun ou baze sou enfòmasyon ki disponib nan moman odyans lan. Nenpòt paran ka fè yon demann nan Tribinal ki Okipe Zafè fanmi pou modifye (chanje) kantite lajan lòd sipò timoun nan si gen yon gwo chanjman nan sikonstans yo oswa si bezwen timoun nan pa satisfè. **Si revni ou change**, (ou p ap fè travay siplemantè ankò, si ou pèdi travay ou epi si w ap touche alokasyon chomaj, si w ap resevwa avantaj akòz andikap, elatriye), epi ou pa gen mwayen pou peye sipò timoun ou ankò, ou ta dwe retounen imedyatman nan tribinal kote ou te gen dènye odyans sou sipò timoun nan pou fè yon demann pou yo bese lòd sipò timoun ou. Ou ka ale sou Entènèt tou pou jwenn Fòm NYS DIY (Do-It-Yourself) sou sitwèb www.nycourthelp.gov pou ranpli yon fòm demann pou modifikasyon sipò. Depi ou pran demann an epi siyen li, ou kapab pote li, oswa ou kapab voye li pa lapòs nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Y ap ba ou yon dat pou odyans lan ak eksplikasyon sou sa pou fè answit. Paran k ap viv avèk timoun nan ap bezwen resevwa yon avi pou prezante nan tribinal. OCSE kapab ede ou voye avi a ba paran an pou li vini nan tribinal la.

Pou lòd sipò timoun tribinal detèmine nan dat 12 oktòb 2010 oswa apre dat sa a, gen lòt rezon pou modifikasyon Ou kapab mande yon modifikasyon si nenpòt nan sa ki anba la a aplike nan dosye ou:

- Twa (3) ane pase depi lè tribinal te detèmine lòd sipò a, depi lè yo te modifye li, oswa depi lè yo te ajiste li.
- Te gen yon chanjman nan revni nenpòt paran anvan dediksyon a 15% oswa plis depi lè tribinal te detèmine lòd sipò a, depi lè yo te modifye li oswa depi lè yo te ajiste li. Nenpòt diminyon nan revni an dwe se yon diminyon ki pa volontè, epi paran ki fè konnen revni li diminye a dwe te eseye jwenn travay ki ta apwopriye pou edikasyon li, konpetans li ak eksperyans li.
- Moun ki nan prizon ka fè yon demann pou modifikasyon akòz yon chanjman enpòtan nan sikonstans yo depi anprizonman yo se pa paske yo pa peye sipò timoun oswa se pa yon zak yo fè kont paran k ap viv avèk timoun oswa kont timoun nan.

Lè Pi Gran Timoun nan Gen Laj 21 Ane

Si gen plis pase yon timoun ki endike nan menm lòd sipò timoun nan, yo ka **afekte** kantite lajan obligasyon an. Sa vle di yo afekte yon kantite lajan espesifik pou chak timoun depandan. Lè pi gran timoun nan gen laj 21 ane, OCSE ap redui lòd sipò timoun nan otomatikman a kantite lajan ki afekte pou timoun sa a. Si yo pa afekte lòd sipò a, paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe fè yon demann nan tribinal pou bese lòd sipò a lè pi gran timoun nan vin gen laj 21 ane. Si yo te detèmine lòd la deyò New York, dat emansipasyon an pa laj 21 ane.

Sa K ap Pase nan Odyans pou Modifikasyon an

Depi ou fè yon demann pou modifikasyon lòd sipò a nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, y ap pwograme yon odyans kote w ap gen yon opòtinite pou prezante dènye revni ak depans ou yo. Majistra Sipò a ap revize enfòmasyon yo dapre gid Lwa Eta New York sou Nòm Ofisyèl Sipò Timoun epi l ap deside si lòd sipò a ta dwe chanje. Nenpòt chanjman nan kantite lajan ki nan lòd sipò a ap retounen nan dat ou te fè demann an nan tribinal la, pa nan dat lè sikonstans ou yo te chanje vrèman.

Ajisteman dapre Koudlavi

- OCSE ka ogmante yon lòd sipò timoun avèk yon **Ajisteman Dapre Koudlavi (COLA)** lè dosye a vin kalite, san ou pa ale nan tribinal pou sa.
- COLA baze sou chanjman chak ane nan Endis Pri Konsomasyon pou Zòn Lavil (CPI-U), ki swiv pri atik tankou depans pou manje, rad, lojman, sèvis transpò, gaz ak depans medikal.
- Yo ka ajoute COLA nan yon lòd sipò timoun lè ogmantasyon ki nan CPI-U chak ane ajoute omwen 10% apati dat yo te detèmine lòd sipò a oswa apati dat yo te modifye li. Li pran apeprè 4 ane pou rive nan ogmantasyon 10% obligatwa a nan CPI-U.
- W ap resevwa yon avi anvan yo ajoute COLA nan lòd sipò ou epi w ap gen yon opòtinite pou konteste li. Si ou konteste COLA, y ap pwograme yon odyans pou modifikasyon nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou revize kantite lajan lòd sipò ou. Majistra Sipò a ap deside si lòd sipò a ta dwe chanje, oswa si l ap rete menm jan, dapre gid Lwa Eta New York sou Nòm Ofisyèl Sipò Timoun.

Pwogram Rediksyon Dèt pou Paran ki pa Touche Ase Revni epi ki p ap viv avèk Timoun (NCP)

OCSE gen pwogram ki kapab redui lòd sipò timoun ak/oswa dèt (aryere) ou dwe Depatman Sèvis Sosyal (DSS). Ou ka dwe DSS yon lòd sipò lè paran k ap viv avèk timoun nan ak timoun ap oswa t ap resevwa èd lajan kach.

Modifye Lòd DSS (MDO) ede NCP ki pa touche ase revni epi ki gen lòd sipò timoun ki pa baze sou revni y ap touche nan moman an. Si sityasyon finansye ou chanje depi lè yo te detèmine lòd sipò a, oswa si ou pa t prezante enfòmasyon finansye ou nan tribinal la, MDO kapab bese lòd sipò ou san ou pa ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.

Pou kalifye:

- Lòd sipò timoun w ap peye nan moman an ki gen omwen yon timoun k ap resevwa èd lajan kach
- Revni anba Rezèv Sipò Endepandan Eta New York (\$15,755 pou ane 2014)
- W ap Resevwa èd lajan kach, SSI, oswa Medicaid

Nivo Povrete pou Limit Aryere	
Ane	Nivo Federal Povrete
1997	\$7,890
1998	\$8,050
1999	\$8,240
2000	\$8,350
2001	\$8,590
2002	\$8,860
2003	\$8,890

2004	\$9,310
2005	\$9,570
2005	\$9,800
2007	\$10,210
2008	\$10,400
2009	\$10,830
2010	\$10,830
2011	\$10,890
2012	\$11,170
2013	\$11,490
2014	\$11,670

Limit Aryere kapab diminye dèt sipò timoun anpile ou dwe gouvènman (DSS) a \$500 dola, san ou pa ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.

Pou kalifye:

- Ou fèt pou dwe DSS aryere yo; ou pa gen obligasyon pou gen lòd sipò timoun nan moman an oswa ki aktif
- Aryere yo dwe te akimile pandan revni an te anba nivo federal povrete (gade tablo ki anwo a). Si ou pa gen dokiman ki pwouve revni ou t ap touche (fòm deklarasyon taks sou revni, souch chèk peman), mande yon etadkont salè nan Administrasyon Sekirite Sosyal.

Pwogram Kredi pou Aryere (ACP) kapab redui kantite lajan aryere ou dwe DSS a \$5,000 dola pa ane pandan apeprè twa ane, san ou pa ale nan tribinal. Men, ou fèt pou dwe DSS aryere yo (dèt la).

ACP disponib pou NCP ki gen lòd sipò timoun y ap peye nan moman an ak pou NCP ki dwe aryere yo sèlman. Lòd sipò timoun w ap peye nan moman an ka peyab swa ba DSS oswa ba paran k ap viv avèk timoun nan. Men, ou fèt pou dwe DSS aryere yo (dèt la).

Pou kalifye:

- Pa gen kondisyon sou revni pou kalifye pou ACP.
- Fè tout peman yo sou sipò timoun w ap peye nan moman pou yon ane okonplè
- NCP ki kalifye yo ap resevwa yon kredi \$5,000 dola chak ane, pandan apeprè twa (3) ane, nan aryere sipò timoun yo dwe DSS.

Pou konnen si ou kalifye pou youn oswa plis pwogram rediksyon dèt sa yo, ale nan Sant Sèvis Kliyantèl OCSE san Randevou, 151 West Broadway, 4^{yèm} etaj, New York, NY 10013, lendi – vandredi 8am – 7pm.

Lè Ou Anreta Nan Peman Yo

OCSE toujou swiv kantite lajan sipò timoun yo touche ak kantite lajan ou dwe yo. Responsablite ou se pou wè si yo resevwa peman yo regilyèman ak alè. Si ou anreta nan peman sipò timoun ou, gen yon kantite aksyon ranfòsman yo ka fè kont ou. Anvan yo kapab fè nenpòt aksyon ranfòsman kont ou, w ap resevwa yon avi pa lapòs k ap eksplike ou kijan pou evite yo fè aksyon kont ou ak fason pou fè yon kontestasyon oswa pou montre gen erè nan reyalite a. Si w ap resevwa èd lajan kach oswa SSI, w ap jwenn egzanpsyon nan sèten aksyon ranfòsman.

Yon dosye ka kalifye pou plizyè aksyon ranfòsman anmenmtan. OCSE gen otorizasyon pou ranfòse lòd sipò timoun nan pwosesis administratif/otomatik, san ou pa retounen nan tribinal. Si metòd sa yo pa efikas, yo ka voye dosye a nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi pou aksyon ranfòsman nan lajistis.

Aksyon Ranfòsman Administratif/Otomatik

Ajoute Kantite Lajan

Peman sipò timoun ou ka ogmante pou yon ti tan a 50% anwo kantite lajan lòd regilye a, nenpòt lè ou anreta nan peman yo. Nan yon nouvo lòd sipò, sa ka rive imedyatman paske ou dwe aryere sipò timoun jouk nan dat ou te fè demann an nan tribinal, pa nan dat odyans lan.

Konpansasyon avèk Ranbousman Lajan Taks

Si ou pral touche yon ranbousman taks federal oswa taks leta sou revni, yo ka voye li ba OCSE pito pou ranbouse sipò timoun ou poko peye.

- Ranbousman taks leta ap fèt si ou dwe omwen \$50 dola.
- Konpansasyon avèk ranbousman taks federal ap fèt depi kantite lajan ou dwe a rive a \$500 dola (\$150 dola si paran k ap viv avèk timoun nan ak timoun nan ap resevwa èd lajan kach.)
- Lis konpansasyon avèk lajan taks la gen ladan ane anvan ou yo pran ranbousman an. Si ou pa dwe lajan ankò nan moman yo pran ranbousman lajan taks la, y ap ranbouse ou depi OCSE resevwa lajan an nan IRS oswa nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York. Sa kapab pran sis (6) a uit (8) semèn apati moman ou resevwa avi pou fè ou konnen yo voye ranbousman taks ou ba OCSE.
- Si ou te ranpli yon fòm taks komen, madanm/mari ou ki pa gen responsablite finansye pou timoun nan ka ranpli yon Fòm Madanm/Mari ki Leze pou voye ba IRS ak/oswa Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York pou mande pòsyon ranbousman li. OCSE ap kenbe ranbousman IRS la pandan 6 mwa pou bay madanm/mari ki leze a yon chans pou fè yon reklamasyon pou yon pòsyon nan ranbousman taks la. Apre 6 mwa, y ap kredite kont paran ki p ap viv avèk timoun nan pou tout ranbousman an.

Konfiskasyon Lajan Ou Genyen nan Lotri

Si ou genyen \$600 dola oswa plis nan lotri Eta New York epi ou dwe omwen \$50 nan sipò timoun, yo ka peye lajan pri lotri a ba OCSE. Si yon paran dwe sipò timoun epi li genyen nan lotri, lè li ale pou reklame lajan li genyen nan lotri a, y ap fè li konnen si yo pran yon pòsyon oswa tout lajan lotri a pou aryere sipò timoun li dwe a. Answit, l ap resevwa yon lèt ofisyèl pa lapòs.

Egzekisyon sou Pwopriyete (PEX)

Yo ka bloke kont labank ou (kont-depay, kont kouran, mache monetè, Sètifika Depo, IRA) ak lòt resous finansye epi yo ka sezi yo pou peye OCSE si ou dwe omwen de (2) mwa sipò timoun nan moman an epitou si ou gen aryere omwen \$300 dola.

- Si w ap peye sipò timoun nan moman an avèk dediksyon nan salè ou, y ap bloke kont labank ou si balans lan se \$3,000 dola oswa plis.
- Si w ap peye sipò timoun nan moman an avèk dediksyon nan salè ou, y ap bloke kont labank ou si balans lan se omwen \$25 dola.
- Si lajan ki nan kont labank ou sòti nan SSI, èd lajan kach, avantaj pou Andikap nan Administrasyon Veteran nan sèvis militè, sipò timoun oswa pansyon alimantè, OCSE pa kapab sezi yo.
- Nan ka yon kont labank an komen, kèk bank ap bay tout lajan OCSE mande a. Lòt bank yo ka mande yon deklarasyon alekri ki gen siyati toulède moun yo pou li bay mwaye balans kont lan pou aryere sipò timoun nan.

Sispansyon Lisans pou Kondi

Y ap sispann lisans pou kondi si kantite lajan ou dwe nan sipò timoun egal oswa pi plis pase kat (4) mwa kantite lajan sipò timoun ou dwe nan moman an, epi si peman yo pa sòti nan dediksyon nan pewòl. Paran ki p ap viv avèk timoun nan k ap resevwa SSI oswa èd lajan kach gen egzansyon pou yo pa sispann lisans li pou kondi. Si ou resevwa yon lèt ki fè ou konnen yo pral sispann lisans ou, ou ka evite sa rive depi ou fè nenpòt nan sa ki anba la a:

- Peye tout lajan ou dwe a.
- Pwouve revni ou anba Rezèv Sipò Endepandan Eta New York (\$15,755 pou ane 2014).

- Bay enfòmasyon sou travay ou yon fason pou patwon ou kapab pran peman yo dirèkteman nan salè ou.
- Fè yon akò pou peman avèk OCSE pou peye kantite lajan tribinal la egziye a plis yon lòt 50% nan aryere yo. Aryere ki nan akò peman lisans pou kondi a akimile enterè a 9% pa ane paske yo konsidere yo kòm jijman lajan, ki anrejistre nan tribinal la.
- Nan sèten sitiyasyon, k ap endike nan avi ou resevwa a, ou ka gen posiblite pou konteste sispansyon lisans ou pou kondi. Si OCSE bay refi pou kontestasyon an, ou ka aplike pou yon objeksyon refi a nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Yon jij ap deside si sispansyon an ta dwe rete oswa retire.
- Si sispansyon an fèt, ou ka mande yon lisans pou kondi ki gen restriksyon nan Depatman Veyikil-a-Motè pou pèmèt ou kondi pou ale ak tounen nan travay ou.

Rapòtaj Biwo Kredi

Yo soumèt non paran ki p ap viv avèk timoun nan ba Ajans Rapòtaj Konsomatè Prensipal yo (CRA) lè yo dwe omwen \$1,000 dola nan sipò timoun oswa lè yo anreta nan de (2) mwa peman, kèlkeswa sa ki pase anvan an. Referans sa a ap kreye yon antre negatif nan rapò kredi paran an, sa k ap fè li difisil, oswa pi chè, pou jwenn yon kat kredi, prè ipotekè oswa lòt kalite prè.

Referans nan Divizyon Taksasyon ak Finans Eta New York

Yo voye dosye yo nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York pou idantifikasyon ak konfiskasyon byen si kantite lajan ou dwe pi plis pase kat (4) mwa lòd sipò timoun ou genyen nan moman, si li se omwen \$500 dola, epi si yo pa t resevwa okenn peman sipò timoun nan dènye 45 jou yo nan dediksyon pewòl. Si w ap resevwa SSI oswa èd lajan kach, w ap gen egzanpsyon nan pwosesis sa a.

Refi pou Jwenn Nouvo Paspò ak pou Renouvle Paspò ou

Y ap fè paran ki p ap viv avèk timoun nan konnen davans lè yo rapòte dèt sipò timoun li ba Depatman-Deta (yon ajans federal). Depatman-Deta ap bay refi pou yon aplikasyon pou yon nouvo paspò oswa pou yon paspò w ap renouvle si ou dwe omwen \$2,500 dola nan sipò timoun. Yo p ap ba ou paspò a jouk lè ou peye OCSE dèt sipò timoun nan.

Refi oswa Konsantman pou Ba ou Lisans Pwofesyonèl Vil New York pou yon ti tan

Y ap bay refi pou aplikasyon pou nouvo oswa pou renouvle lisans pwofesyonèl Vil New York, y ap bay yon lisans pwovizwa pou sis (6) mwa, si moun ki aplike a dwe aryere nan sipò timoun li ki egal omwen a kat (4) mwa sipò timoun li nan moman an. Kèk egzanp ajans ki bay lisans nan Vil New York se Depatman Afè Konsomatè, Komisyon Taksi ak Limouzin, ak Depatman Ponpye, ak kèk lòt. Moun ki aplike yo ka peye sa yo dwe a oswa yo ka fè yon akò avèk OCSE pou yo kapab jwenn apwobasyon pou aplikasyon yo pou lisans lan. Si ou gen pwoblèm pou jwenn yon lisans pwofesyonèl Vil New York akòz yon dèt sipò timoun ou genyen, ale nan Sant Sèvis Kliyantèl OCSE san Randevou nan 151 West Broadway, lendi jiska vandredi, ant 8am ak 7pm pou jwenn èd.

Aksyon Ranfòsman nan Lajistis

Demann pou Vyolasyon

Lè metòd ranfòsman administratif pa pèmèt yo touche lajan sipò timoun nan, paran k ap viv avèk timoun nan oswa OCSE ka fè yon demann pou vyolasyon (pou fanmi k ap resevwa èd lajan kach) nan Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi. Yon odyans pou vyolasyon an ka lakòz nenpòt nan sa ki anba la a:

- **Jijman pou Peye Lajan:** Tribinal la ap fikse aryere sipò timoun nan pou yon kantite lajan espesifik ki akimile 9% enterè chak ane jouk lè ou peye tout kantite lajan an.
- **Dwa Privilej:** Yo ka mete yon dwa privilej sou pwopriyete paran ki p ap viv avèk timoun nan pou egziye li peye dèt sipò timoun nan anvan yo kapab vann oswa transfere pwopriyete a.

- **Depo Lajan Kach:** Paran ki p ap viv avèk timoun nan ka gen obligasyon pou depoze lajan (ki vo jiska 3 ane peman) nan sipò timoun l ap gen pou peye pidevan. Yo kapab pran peman yo nan depo sa a si paran ki p ap viv avèk timoun nan pa peye sipò a regilyèman. Sa rele Kosyon Lajan Kach oswa Garanti Lajan Kach tou.
- **Arestasyon/Anprizònman:** Tribinal la ka fè yon manda pou arestasyon si paran ki p ap viv avèk timoun nan pa vini nan tribinal pou yon odyans akòz vyolasyon oswa si li gen gwo reta nan peman sipò timoun nan. Nan sèten ka lè paran ki p ap viv avèk timoun nan fè espere pou pa peye sipò timoun nan, li ka ale nan prizon pandan apeprè sis (6) mwa. Lè paran an fè espere pou pa peye sipò timoun nan sa vle di li gen mwayen pou peye li, men li chwazi pou pa fè sa, oswa li fè espere pou pa travay, oswa li transfere lajan an pou li kapab pa peye.
- **Sispansyon Lisans Pwofesyonèl, Lisans Biznis oswa Lisans Pratik Metye Leta Bay:** Tribinal Fanmi ka rekòmanse komisyon apwopriye ki bay lisans lan pou yo sispann lisans leta bay pou paran ki p ap viv avèk timoun nan epi ki dwe yon kantite sipò timoun ki egal a kat (4) mwa oswa pi plis sipò. Kèk egzanp metye yo ki dwe anrejistre oswa gen lisans Eta New York se ajan sekirite, kwafè, espesyalis terapi fizik, avoka, ak doktè.

Patisipasyon nan yon Pwogram pou Jwenn Travay (STEP)

Lè yon paran ki p ap viv avèk timoun nan p ap travay oswa lè li gen djòb ki pa peye ase lajan, Majistra Sipò a ka egzije paran an pou li patisipe nan STEP (Etap nan Pwogram pou Jwenn Travay), yon pwogram rekòmandasyon nan travay ki ede paran yo jwenn djòb pou yo kapab peye sipò timoun yo.

Rekòmandasyon pou yo Pouswit nan Lajistis kòm Kriminèl

OCSE kapab mande Biwo Pwokirè Etazini oswa Biwo Pwokirè Distri lokal la pou pouswiv yon NCP nan lajistis kòm kriminèl lè yo detèmine paran ki p ap viv avèk timoun nan fè espere pou pa peye sipò timoun na, lè li dwe anpil aryere, ak lè lòt aksyon pou ranfòsman yo pa efikas.

ANILASYON LÒD SIPÒ TIMOUN

Nan Eta New York, w ap gen obligasyon pou peye sipò timoun ou jouk lè timoun nan vin gen laj 21 ane, sof si tribinal egzije yon bagay ki diferan. Yo kapab pwolonje lòd yo apre lè timoun nan gen laj 21 ane pou edikasyon oswa pou rezon medikal. Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi ka sispann lòd yo pi bonè nan sèten sikonstans.

Yo ka sispann yon lòd anvan timoun nan gen laj 21 ane si nenpòt nan sa ki anba la yo rive:

- **Timoun nan vin emansipe**
Timoun nan kite kay la epi li vin ap sipòte tèt li poukont li, li marye, oswa li antre nan fòs lame.
- **Ou se paran k ap viv ansanm avèk timoun nan**
Nan ka sa a, y ap egzije lòt paran an pou peye sipò timoun nan.
- **Ou al viv** nan yon kay avèk paran k ap viv avèk timoun nan epi ak timoun nan, epi nou fòme yon fanmi.

Depi yo sispann lòd pou peye sipò timoun nan, ou ka toujou dwe aryere pou peye ba swa paran k ap viv avèk timoun nan oswa ba Depatman Sèvis Sosyal, si ou pa t alè nan peman ou yo epitou si ou dwe aryere. Lòd la ap kontinye jouk lè ou peye tout lajan det sipò timoun nan.

Enfòmasyon Ak Resous Pou Paran Ki P Ap Viv Avek Pitit Li

NYCDADS

Vil New York mete anplas yon pwogram patènite toupatou nan vil la ki la pou fè fanmi yo vin pi fò. Pou fè sa, y ap ede papa yo patisipe pi plis nan lavi pitit yo. Ajans patisipan yo bay sesyon enfòmasyon sou edikasyon timoun, edikasyon adilt ak fòmasyon pou jwenn djòb. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis ak aktivite pou papa yo ak pitit yo, ale nan sitwèb: nyc.gov/NYCDADS.

Adrès Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi

Si ou vle detèmine patènite oswa yon lòd sipò timoun, ale nan Tribinal ki Okipe Zafè Timoun ki nan minisipalite kote w ap viv la pou fè yon demann. Si ou deja gen yon lòd sipò timoun pou peye epi si ou prale nan tribinal la pou mande yon modifikasyon, retounen nan tribinal kote ou te gen odyans ou sof si te gen yon chanjman epi si yo te di ou pou ale yon lòt kote.

Bronx

Bronx County Family Court
900 Sheridan Avenue, LM Floor
Bronx, NY 10451
718-590-3924/3432

Brooklyn

Kings County Family Court
330 Jay Street, 12yèm Etaj
Brooklyn, NY 11201
718-246-7962/68

Manhattan

New York County Family Court
60 Lafayette Street, 1ye Etaj
New York, NY 10013
212-385-8218/19

Queens

Queens County Family Court
151-20 Jamaica Avenue, 4yèm Etaj
Queens, NY 11432
718-725-3148/49

Staten Island

Richmond County Family Court
100 Richmond Terrace, sousòl
Staten Island, NY 10301
718-720-2906

Enfòmasyon sou Sipò Timoun/ Èd nan Dosye

Si ou gen kesyon sou pwogram sipò timoun, si ou bezwen èd pou dosye sipò timoun ou, oswa si ou bezwen bay lòt enfòmasyon pou OCSE tankou yon nouvo patwon oswa yon chanjman adrès:

Rele

Liy Dirèk Kliyan Sipò Timoun Eta New York
(888) 208-4485, TTY (Moun ki gen pwoblèm pou tande)
Lendi – vandredi 8:30 AM jiska 5pm

Enfòmasyon Otomatik sou Kont*
24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn

Ale nan adrès



Biwo Ranfòsman Sipò Timoun Vil New York (OCSE)
Customer Service Walk-in Center
151 West Broadway, 4^{yèm} etaj
New York, NY 10013
Lendi – vandredi 8 am jiska 7pm

VINI AVÈK YON PYÈS IDANTITE KI GEN FOTO OU

Sitwèb yo

Biwo Ranfòsman Sipò Timoun Vil New York (OCSE)

nyc.gov/hra/ocse

Enfòmasyon sou evènman ak pwogram pou Papa yo  **Error! Hyperlink reference not valid.**  www.youtube.com/hranyc

Wè videyo sipò timoun 
www.youtube.com/hranyc

Biwo Vil New York pou Dwa Finansye

Konsèy ak edikasyon finansye gratis
nyc.gov/ofe

Divizyon Ranfòsman Sipò Timoun Eta New York (DCSE)

Wè enfòmasyon sou kont ou*
www.childsupport.ny.gov

Sistèm Tribinal Inifye Eta New York

www.courts.state.ny.us

Voye yon lèt nan

New York City Office of Child Support Enforcement
P.O. Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

¹ Pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou kont ou, w ap bezwen nimewo sekirite sosyal ou a PIN ou (Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl). NCP ki bezwen yon PIN oswa ki pa sonje PIN yo ka mande youn pa telefòn oswa pa lapòs. Rele nimewo 1-888-208-4485 pou pale avèk yon reprezantan oswa voye yon demann alekri ki siyen pa lapòs, ki gen ladan prenon ak non fanmi ou, adrès ou, nimewo sekirite sosyal ou, ak nimewo kont sipò timoun ou nan adrès:

Attention: PIN
NYS Child Support Processing Center
PO Box 15365
Albany, NY 12212-5365

Voye Peman yo nan:

New York State Child Support Processing Center
P.O. Box 15363
Albany, NY 12212-5363

Fòm Rekonesans Patènite

LDSS-4418 (Rev. 1/14)

New York State Office of Temporary and Disability Assistance
New York State Department of Health

Recorded District _____

1 Law

Hospital Code (PFI Number) _____
Register Number _____

NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH
Pursuant to Section 4135-b of Public Health

ACKNOWLEDGMENT OF PATERNITY

ACK

(Please type or print clearly in blue or black ink.)

Birth Registrar Other

Check where signed: Hospital Child Support Office B

Female	Date of birth (MMDDYYYY) / /	First name	Middle name
		Last name	Sex <input type="checkbox"/> Male <input type="checkbox"/>

CHI	Facility of birth	City of birth	County of birth
-----	-------------------	---------------	-----------------

If the child's birth certificate was already filed and you wish to change the child's last name, complete the following section:

CHI	Last name on original birth certificate	New last name
-----	---	---------------

We understand that signing this Acknowledgment of Paternity is voluntary and will establish paternity of our child and have the same force and effect as an order of filiation including an obligation to provide support for our child. Except that only if this Acknowledgment of Paternity is filed with the Registrar where the birth certificate is filed, written and oral notice of our legal rights (including Paternity, and we understand what the notice states.

	Middle name	Last name	FATHER	First name
--	-------------	-----------	--------	------------

	Street address (house/apt. number)	City	State
	Zip	Place of birth	City
	Country		State

FATHER	Date of birth (MMDDYYYY) / /	Social Security number - -
--------	---------------------------------	-------------------------------

I hereby acknowledge that I am the biological father of the child named above.

FATHER	Signature	Date (MMDDYYYY) / /
--------	-----------	------------------------

	Print Name	Date (MMDDYYYY) / /	WITNESS SECTION (Witness cannot be related to mother or father.)	Witness Signature
	Print Name	Date (MMDDYYYY) / /		Witness Signature

	Middle	Last	MOTHER	First
--	--------	------	--------	-------

	name	name	name
	Maiden name (last name only)		
	Street address (house/apt. number)		

MOTHER	City	State	Zip
	Place of birth	City	State
	Country		
	Date of birth (MMDDYYYY) / /	Social Security number - -	

I hereby consent to the Acknowledgment of Paternity for my child named above, and acknowledge that the man named above is the only possible father of my child who was born to me during the pregnancy or when the child was born OR, I state that I have subsequently married the child's biological father.

	Signature	Date (MMDDYYYY) / /	WITNESS SECTION (Witness cannot be related to mother or father.)	Witness Signature
	Print Name	Date (MMDDYYYY) / /		Witness Signature

MODÈL LÒD SIPÒ TIMOUN

paj 1 / 3

**Pati
A**

F.C.A. §§ 413, 416, 433, 438,
439, 440, 442-447, 471; Art.5-B

**Lwa sou tribinal ki
okipe zafè fanmi
Lwa ki detèmine
odyans tribinal**

4-7 11/2002

**Nimewo fòm
ak dat
pwoblèm nan**

Nan yon tèm Tribinal ki Okipe Zafè
Fanmi Eta New York, ki fèt nan ak
pou Konte Richmond, nan adrès 100
Richmond Terrace, Staten Island,
NY 10301, nan dat 4 oktòb 2004

**Adrès Tribinal
la ak dat
odyans lan**

**Pati
B**

**PREZAN: Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, Majistra Sipò
Nan Zafè yon Pwosedi Sipò**

**Paran k ap Viv avèk Timoun nan, SSN: XXX-XX-XXXX,
Moun ki Fè Demann an,**

– kont –

**Paran ki p ap viv avèk Timoun nan, SSN: XXX-XX-XXXX,
Moun ki Reponn nan.**

**Dosye #: XXXXX
Rejis #: F-XXXXX-XX
CSMS #: XXXXXXXXXX**

**Enfòmasyon ki Idantifye
Dosye sipò timoun ak
Tribinal**

LÒD SIPÒ

Kalite lòd la

**Moun ki
Konsène yo**

**Pati
C**

AVI: SI OU FÈ ESPRE POU PA RESPEKTE LÒD SA A SA KA LAKÒZ OU ALE NAN PRIZON
POU NON-SIPÒ KRIMINÈL OSWA POU MEPRI. SI OU PA RESPEKTE LÒD SA A SA KA
LAKÒZ YO SISPAAN LISANS OU POU KONDI, LISANS PWOFEYONÈL, LISANS
KOMÈSYAL, LISANS BIZNIS OSWA LISANS PWOFEYONÈL AK LISANS OSWA PÈMI POU
LWAZI OSWA ESPÒ LETA BA OU; AK ENPOZISYON DWA PRIVILÈJ SOU BYEN IMOBILYE
OSWA BYEN PÈSONÈL OU.

OU KA FÈ OBJEKSYON ESPESIFIK ALEKRI KONT LÒD SA A NAN TRIBINAL SA A NAN 30
JOU KI VINI APRE DAT YO TE RESEVWA LÒD LA NAN TRIBINAL LA OSWA NAN SÈVIS
PÈSONÈL, OSWA YO TE RESEVWA LÒD LA PA LAPÒS, NAN 35 JOU KI VINI APRE LÈ YO
TE VOYE LÒD LA BA OU PA LAPÒS.

**Fason pou
Fè yon
objeksyon**

Moun ki Fè Demann ki Endike anwo te fè yon demann nan Tribinal sa a nan dat 22 jen 2004,
kote li te fè konnen **Paran ki p ap viv avèk Timoun nan** dwe peye sipò a:

Non Dat Nesans
Non Timoun nan XX/XX/XXXX

**Pati
D**

Paran ki p ap viv avèk timoun nan ki prezante devan Tribinal sa a pou reponn demann an, te
jwenn avi tribinal la ki te fè li konnen dwa genyen pou pran avoka, epi pou montre pou kisa yo pa
bay yon lòd sipò ak lòt sekou li mande a; epi **Paran ki p ap viv avèk Timoun nan** dakò avèk
akizasyon ki nan demann an; epi zafè a vini kòm sadwa pou yo tande li devan Tribinal sa a;

KOUNYE A, apre egzaminasyon ak rechèch nan enfòmasyon yo ak nan sikonstans dosye a, epi
apre odyans prèv ak temwayaj yo bay anrapò avèk dosye a, Tribinal la jwenn: **Paran ki p ap viv
avèk Timoun nan** se moun ki p ap viv avèk timoun nan, ki gen kontribisyon pwopòsyonèl
obligasyon sipò timoun debaz ki se \$XX.XX pa semèn pou timoun ki endike anba la a:

paj 2 / 3

**Pati D
Kontinye**

Non
Timoun nan

Dat Nesans
XX/XX/XXXX

Nimewo Sekirite Sosyal

Epi Tribinal la jwenn answit:
Kontribisyon pwopòsyonèl obligasyon sipò timoun debaz moun ki p ap viv avèk Timoun nan pa ni enjis ni pa apwopriye;

Paran ki p ap viv avèk Timoun nan p ap travay pou kounye a;

**Sitiyasyon travay paran
ki p ap viv avèk timoun**

**Dat lòd sipò
Timoun nan
anvigè (Dat ou a
ap diferan)**

KOUNYE A, apre egzaminasyon ak rechèch nan enfòmasyon yo ak nan sikonstans dosye a epi apre odyans prèv ak temwayaj yo bay anrapò avèk dosye, yo

ÒDONE AK DEKLARE apati 28 janvyè 2005, Paran ki p ap viv avèk Timoun nan dwe peye sipò a ba moun ki endike anba la a (yo) epi li gen mwayen ki ase epi li kapab jwenn mwayen sa a pou bay peman kantite lajan \$XX.XX chak semèn ba **Paran k ap viv avèk Timoun nan** avèk yon chèk sètifye oswa chèk postal (money order) ki dwe ekri sou non Support Collection Unit (Inite Rekouvremant Sipò), peman sa yo dwe kòmanse 28 janvyè 2005, pou ak nan sipò pitit **Paran ki p ap viv avèk Timoun nan**, ki afekte jan sa endike anba la a:

**Moun k ap
resevwa Peman
sipò timoun nan**

Non

Sekirite Sosyal

Dat Nesans

Kantite lajan

timoun yo:
Timoun

XX/XX/XXXX

Sipò Total Timoun: \$XX.XX chak semèn

**Pati
E**

EGZIJE moun k ap fè peman, moun k ap viv avèk timoun nan ak nenpòt moun apa pou yo fè Inite Rekouvremant Sipò konnen imedyatman nenpòt chanjman nan enfòmasyon ki anba la yo: adrès kay ak adrès postal, nimewo sekirite sosyal, nimewo telefòn, nimewo lisans pou kondi; ak non, adrès ak nimewo telefòn patwon moun yo ak nenpòt chanjman nan avantaj asirans sante, tankou nenpòt sispansyon avantaj yo, chanjman nan konpayi ki bay avantaj asirans sante oswa nan prim asirans sante, oswa limit ak disponiblite avantaj ki la deja oswa nouvo avantaj; epi yo

**Avi pou Fè
Ajans
konnen
nenpòt
chanjman
nan adrès
ou, travay
ou, elatriye.**

EGZIJE answit pou yo egzekite Lòd sa a dapre Seksyon 5241 oswa 5242 Lwa ak Règ sou Pratik Sivil, oswa nan nenpòt manyè lalwa prevwa; epi yo

**Depans anplis kantite
lajan sipò timoun
debaz:**

EGZIJE answit pou **Paran ki p ap viv avèk Timoun nan** peye depans siplemantè yo jan sa endike anba la a:

Depans/Benefisyè

Peman

Peyab

Ki Asosye avèk Sante epi ki pa Ranbouse

Paran k ap viv avèk Timoun

XX %

Nan SCU

Gadri/

Paran k ap viv avèk Timoun

XX %

Dirèk

- **Medikal**
- **Gadri**
- **Edikasyon**

**Pati
F**

YO EGZIJE ANSWIT pou tout peman ki fèt nan Inite Rekouvremant Sipò ale pa lapòs nan: Support Collection Unit, PO Box 15363, Albany, NY 12212- 5363;

**Kote pou voye peman
yo jouk lè yo pase nan
djòb ou.**

YO EGZIJE ANSWIT pou Inite Rekouvremant Sipò voye yon kopi lòd sa a imedyatman nan Rejis Dosye Lòd Sipò Timoun Eta New York yo mete anplas dapre Seksyon 111-b (4-a) Lwa sou Sèvis Sosyal; epitou yo EGZIJE answit pou lòd sa a se yon lòd sipò pou peye \$XX pa semèn ant 8 oktòb 2004 jouk lè yo ogmante li nan dat 28 janvyè 2005.

**Rezime
rezilta
tribinal**

**Pati
G**

NÒT: (1) LÒD SIPÒ TIMOUN SA A DWE AJISTE DAPRE APLIKASYON YON AJISTEMAN KOUDLAVI A SELON ENSTRIKSYON INITE REKOUVREMAN SIPÒ NAN EGZAKTEMAN VENNKAT (24) MWA APRE YO BAY LÒD SA A, APRE YO MODIFYE OSWA AJISTE LI YON DÈNYE FWA, SOU DEMANN NENPÒT MOUN NAN LÒD OSWA DAPRE PARAGRAF (2) KI ANBA LA A. SOU APLIKASYON YON AJISTEMAN KOUDLAVI A SELON ENSTRIKSYON INITE REKOUVREMAN SIPÒ, YO DWE VOYE YON LÒD AJISTE BA MOUN YO KI DWE GEN TRANNSENK (35) JOU APATI DAT POSTAJ LA POU SOUMÈT YON OBJEKSYON ALEKRI NAN TRIBINAL LA KI ENDIKE SOU LÒD KI AJISTE A, SI YO PA DAKÒ AVÈK AJISTEMAN AN. DEPI TRIBINAL RESEVWA OBJEKSYON ALEKRI A, TRIBINAL LA DWE PWOGRAME YON ODYANS KOTE MOUN YO KA LA POU BAY PRÈV TRIBINAL LA AP KONSIDERE NAN AJISTEMAN LÒD SIPÒ TIMOUN NAN DAPRE LWA SOU NÒM OFISYÈL SIPÒ TIMOUN.

**Ajisteman
koudlavi
(COLA)**

(2) YON BENEFISYÈ ÈD FAMILYAL DWE FÈ REVIZE AK AJISTE LÒD SIPÒ TIMOUN NAN SOU ENSTRIKSYON INITE REKOUVREMAN SIPÒ NAN EGZAKTEMAN VENNKAT (24) MWA APRE YO BAY LÒD LA, APRE DÈNYE FWA YO MODIFYE LI OSWA APRE DÈNYE FWA YO AJISTE LI SAN OKENN APLIKASYON NENPÒT MOUN. TOUT MOUN YO AP RESEVWA AVI REZILTA AJISTEMAN AN.

(3) KOTE NENPÒT MOUN PA BAY INITE REKOUVREMAN SIPÒ YON DÈNYE ADRÈS AK DÈNYE ENFÒMASYON SOU NENPÒT CHANJMAN ADRÈS LA KOTE YO KAPAB VOYE LÒD AJISTE A, JAN SA OBLIGATWA DAPRE SEKSYON 443 LWA SOU TRIBINAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI, KANTITE LAJAN POU OBLIGASYON SIPÒ FÈT POU PEYE EPI Y AP DWE LI NAN DAT PREMYE PEMAN AN DWE FÈT ANBA KONDISYON LÒD SIPÒ A KI TE RENOUVLE AK AJISTE NAN DAT OSWA APRE DAT LI LÒD LA ANVIGÈ KÈLKESWA SI MOUN NAN TE RESEVWA OSWA PA T RESEVWA YON KOPI LÒD AJISTE A.

Dat la: 4 oktòb 2004

ANTRE

Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi

Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, Majistra Sipò

**Non ak so
Majistra
Sipò a**

Koche kaz ki konsène ou:

Lòd la te ale pa lapòs nan dat [endike dat (yo) ak ba kimoun yo te voye li]: _____

Yo resevwa lòd la nan tribinal [endike dat (yo) ak kimoun yo te bay li]: _____

GLOSÈ TÈM ENPÒTAN YO

A

ABSENT PARENT/PARAN ABSAN

Moun ki pa nan kay la epi ki gen responsablite legal pou bay sipò finansye pou yon timoun depandan. (*Li se paran ki p ap viv avèk timoun nan, paran ki p ap viv nan kay la, ak moun ki reponn [nan dosye tribinal la tou]*).

ACCRUAL/AKIMILASYON

Kantite lajan peman sipò timoun ki anreta.

ACKNOWLEDGMENT OF PATERNITY (AOP)/REKONESANS PATÈNITE

Fòm ki detèmine patènite a (patènite legal) yon timoun nan yon pwosesis volontè, san paran yo pa ale nan tribinal. Toulède paran yo dwe ranpli ak siyen fòm nan.

ADDITIONAL AMOUNT (ALSO CALLED ADD AMOUNT)/KANTITE LAJAN SIPLEMANTÈ (KI RELE KANTITE LAJAN ANPLIS TOU)

Kantite lajan egzekisyon revni an dwe peye anplis obligasyon sipò timoun regilye a pou kapab satisfè defo peman ki sou yon kont.

ADJOURNMENT/AJOUNMAN

Ranvwa odyans lan pou yon ti tan jouk nan yon dat espesyal pidevan.

ADMINISTRATIVE PROCESS / PWOSESIS ADMINISTRATIF

Metòd kote OCSE ranfòse lòd sipò yo olye tribinal oswa jij yo fè sa.

AFFIDAVIT / DEKLARASYON SOU SÈMAN

Deklarasyon enfòmasyon ki fèt alekri ak libelibè sou sèman.

ALLOCATED CHILD SUPPORT ORDER/AFEKTASYON Lòd SIPÒ TIMOUN

Lòd ki endike chak moun ki nan lòd sipò a (timoun yo, madanm/mari) avèk yon kantite lajan espesifik ki afekte pou chak depandan.

AMEND/AMANDE

Chanjman nan yon dokiman legal.

ARREARS/ARYERE

Kantite lajan sipò timoun ki anreta epi ki pa peye.

ASSIGNMENT OF SUPPORT RIGHTS/AFEKTASYON DWA SIPÒ

Moun nan dakò pou bay Eta a nenpòt dwa pou peman sipò timoun nan ki akimile pandan l ap resevwa èd lajan kach pou li kapab jwenn avantaj èd lajan kach ak lòt avantaj.

B

BASIC CHILD SUPPORT OBLIGATION/OBLIGASYON SIPÒ TIMOUN DEBAZ

Kantite lòd sipò timoun ki baze sou yon pousantaj fiks revni paran, anvan yo ajoute sipò medikal ak depans pou gadri, ak/oswa depans pou edikasyon.

BONUS PAYMENT/PEMAN BONIS

Moun k ap resevwa èd lajan kach epi ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 dola pa mwa (\$200 dola si gen de oswa plis timoun k ap resevwa sipò timoun) sipò timoun yo touche nan menm mwa li dwe a. (*Gade Peman Verifye tou*)

BURDEN OF PROOF/FADO PRÈV

Responsablite yon moun pou bay prèv ki pi enpòtan nan yon pwèn nan pwoblèm nan.

C

CASH ASSISTANCE/ÈD LAJAN KACH

Avantaj gouvènman ki bay sipò lajan pou moun ak fanmi ki touche yon revni ki piti anpil, ki anba kontwòl HRA (Administrasyon Resous Imèn) nan Vil New York. Yo bay èd lajan kach pou kliyan yo sou fòm elektwonik nan EBT (Transfè Elektwonik Avantaj).

CASH UNDERTAKING/GARANTI LAJAN

Kòm rezilta yon odyans tribinal, yon paran ki p ap viv avèk timoun ka resevwa lòd pou peye yon depo avèk lajan kach ba Inite Rekouvreman Sipò ki vo apeprè twa ane peman sipò timoun. Yo kapab pran peman yo nan depo sa a si paran ki p ap viv avèk timoun nan pa peye sipò a regilyèman.

CHANGE OF CIRCUMSTANCES/CHANJMAN SIKONSTANS

Chanjman ki fèt sanzatann nan sityasyon finansye paran ki p ap viv avèk timoun nan akòz chòk, maladi oswa pèt travay toudenkou ki afekte mwayen li pou peye sipò timoun tribinal la egzije a; rezon pou aplike pou fè yon demann pou bese lòd sipò a nan tribinal.

CHANGE OF PAYEE/CHANJMAN BENEFISYÈ

Prevwa pou yo voye peman sipò timoun prive ba OCSE pou yo travay sou li, konsèvasyon dosye, distribisyon, ak ranfòsman.

CHILD SUPPORT STANDARDS ACT (CSSA)/LWA SOU PRENSIP NÒM OFISYÈL TIMOUN

Lwa yo te adopte nan ane 1989 pou fè lòd sipò timoun vin jis ak menm jan toupatou nan New York lè yo nòmalize fòmil pou kalkile lòd sipò timoun debaz.

COLA (COST OF LIVING ADJUSTMENT)/AJISTEMAN KOUDLAVI

Ogmantasyon nan yon lòd sipò timoun, san yo pa fè yon odyans nan tribinal. COLA baze sou chanjman chak ane nan Endis Pri Konsomasyon pou Zòn Lavil (CPI-U), ki swiv pri depans pou viv chak jou tankou depans pou manje, rad, lojman, elatriye.

CONCURRENT JURISDICTION/JIRIDIKSYON KONPETAN ANMENMTAN

Yon lòd ki pèmèt plis pase yon tribinal pran desizyon sou yon lòd sipò timoun epi pou modifye lòd sipò a. Sa ka rive avèk Tribinal Siprèm Eta New York ak Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.

CONSUMER CREDIT PROTECTION ACT (CCPA)/LWA SOU PWOTEKSYON KREDI KONSOMASYON

Yon lwa federal ki limite kantite lajan yo ka retire nan salè; men sa lwa a konsidere: revni disponib apre yo pran taks obligatwa yo, kantite lajan aryere ki dwe, epi si yon lòt fanmi ap resevwa sipò finansye.

COURT ORDER/LÒD TRIBINAL

Dokiman ki gen fòs lalwa yo bay nan yon tribinal. Yon lòd tribinal ki konsène sipò timoun ap gen ladan kantite fwa, kantite lajan, kantite tan ak ki kalite sipò paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe peye ak si yon patwon dwe pran lajan sipò a nan salè moun nan.

CPI-U (CONSUMER PRICE INDEX FOR URBAN AREAS)/ CPI-U (ENDIS PRI KONSOMASYON POU ZÒN LAVIL)

Endis pri konsomasyon pou zòn lavil (CPI-U) swiv pri atik yo tankou manje, rad ak lojman chak ane. Ajisteman Koudlavi (COLA) baze sou chanjman ki fèt chak ane nan CPI-U.

CUSTODIAL PARENT (CP)/PARAN K AP VIV AVÈK TIMOUN

Paran, manm fanmi oswa responsab legal k ap viv avèk timoun oswa timoun yo epi se premye moun k ap pran swen li (yo).

CUSTODY/DWA POU VIV AVÈK TIMOUN

Detèminasyon legal yo fè pou deside avèk kimoun timoun nan dwe viv: manman an, papa a, oswa lòt adilt.

D

DECREE/JIJMAN

Desizyon lajistis yon tribinal pran.

DEFAULT ORDER/LÒD PA KONTIMAS

Lòd sipò yo bay lè paran ki p ap viv avèk timoun nan pa bay ase enfòmasyon oswa lè li pa ale nan tribinal, ak dokiman ki montre yo te bay paran an papye pou li ale nan tribinal.

DELINQUENCY/DEFO PEMAN

Yon kantite lajan yon paran dwe sou yon dosye sipò timoun men li pa peye lajan an.

DEPENDENT/DEPANDAN

Yon timoun ki anba swen yon lòt moun. Pifò timoun ki kalifye pou sipò timoun se depandan.

DIRECT PAY ORDER/LÒD PEMAN DIRÈK

Lòd sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan dwe peye paran k ap viv avèk timoun nan dirèkteman.

DISBURSEMENT/DEBOUSMAN

Rekouvremen peman lajan sipò timoun ki fèt ba paran k ap viv avèk timoun nan oswa ba Depatman Sèvis Sosyal si kliyan an ap resevwa èd lajan kach.

DISMISSAL WITHOUT PREJUDICE/REFI SAN PREJIDIS

Yo rejte demann an kounye a, men yo konsidere li nan yon lòt dat nan tribinal la. Pa egzanp, yo pa bay moun nan papye pou li ale nan tribinal.

DISMISSAL WITH PREJUDICE/REFI AVÈK PREJIDIS

Lè yo jwenn yon demann pa gen okenn merit, epi lè yo rejte dosye a nèt nan tribinal la. Pa egzanp: ADN pwouve moun ki reponn nan pa papa byolojik la.

DISPOSABLE INCOME/REVNI DISPONIB

Kantite lajan ki rete apre yo pran taks ak Medicare ak dediksyon pou peye FICA ak plan pansyon.

DNA TEST/TÈS ADN

Analiz faktè eritye yo pou detèmine si yon gason patikilye se papa timoun nan; yo pran echantyon AD nan andedan jou papa a, manman an ak timoun nan avèk yon tanpon ki deziyen sitou pou sa.

DOCKET NUMBER/NIMEWO REJIS

Nimewo tribinal la bay pou idantifye dosye a.

E**EBT (Electronic Benefit Transfer)/TRANSFÈ ELEKTWONIK AVANTAJ**

Metòd Biwo Eta New York pou Èd Pwovizwa ak pou Moun Andikape (OTDA) itilize pou bay avantaj lajan kach ak avantaj kupon pou achte manje pou moun ki nan pwogram nan. Moun ki nan pwogram nan resevwa avantaj yo avèk yon kat idantite ak PIN.

EMANCIPATED/EMANSIPE

Yon timoun ki p ap viv avèk paran li epi ki gen yon sous revni, oswa ki nan fòs lame, oswa ki marye.

ENFORCEMENT/RANFÒSMAN

Aplikasyon mezi pou jwenn peman yon obligasyon sipò timoun oswa yon obligasyon sipò medikal ki nan yon lòd sipò timoun. Kèk egzanp mezi sa yo se lè yo sezi byen moun, lè yo sispann lisans li, lè yo refize bay li paspò ameriken, elatriye.

ESTABLISHMENT/DETÈMINASYON

Pwosesis pou pwouve patènite ak/oswa pou jwenn yon lòd tribinal pou mete yon obligasyon sipò timoun anplis.

F**FAMILY COURT SUPPORT SERVICES (FCSS)/SÈVIS SIPÒ NAN TRIBINAL KI OKIPE ZAFÈ FANMI**

Divizyon OCSE ki travay pou mete dosye sipò timoun nan èd lokal ki pa lajan kach.

FAMILY SUPPORT ACT/LWA SOU SIPÒ FANMI

Lwa yo te pase nan ane 1988 ki bay otorizasyon pou yo fè retrè imedyat nan salè yon moun pou satisfè lòd sipò timoun, epi ki egzije leta pou itilize gid yo pou deside kantite lajan sipò pou chak fanmi.

FEDERAL PARENT LOCATOR SERVICE (FPLS)/SÈVIS LOKALIZATÈ FEDERAL PARAN

Sèvis rezo lokalizasyon nasyonal enfòmatisè ki ede eta yo chèche paran ki p ap viv avèk timoun avèk konparezon enfòmasyon ki nan baz done yo; FPLS kapab bay enfòmasyon itil pou detèmine paran k ap viv ansanm avèk timoun nan, patènite, ak sipò timoun epitou pou adopsyon ak zafè swen timoun adoptif la.

FINANCIAL DISCLOSURE AFFIDAVIT/DEKLARASYON SOU SÈMAN POU DIVILGASYON ENFÒMASYON FINANSYE

Dokiman yo pou toulède moun yo nan yon dosye sipò timoun, pou mande enfòmasyon finansye detaye, enfòmasyon sou salè ak enfòmasyon sou depans; Tribinal la itilize enfòmasyon yo pou detèmine sipò timoun nan, sipò medikal, gadri ak lòt pati lòd sipò timoun nan.

FINDINGS OF FACT/KONKLIZYON KI BAZE SOU ENFÒMASYON

Nòt ak kalkil Majistra Sipò a itilize pou detèmine yon lòd sipò timoun.

G

GARNISH/KONFISKASYON

Pwosedi legal kote yo pran yon pati nan salè ak/oswa nan byen yon moun pou peye yon dèt tankou sipò timoun.

GOOD CAUSE/REZON VALAB

Rezon legal lè yon moun ki aplike pou Èd Lajan Kach oswa lè moun nan ap resevwa li jwenn egzanpsyon pou pa kolabore avèk sipò timoun.

H

HEARING/ODYANS

Pwosedi legal ki fèt devan yon jij. Jij ki nan yon odyans sipò timoun rele yon Majistra Sipò.

I

INCOME/REVNI

Neppòt fòm peman regilye ki fèt ba yon moun, kèlkeswa sous revni an, tankou salè, komisyon, bonis, asirans chomaj, konpansasyon travayè, andikap, pansyon, oswa enterè. Avantaj èd lajan kach ak SSI pa konsidere kòm revni.

INCOME EXECUTION (IEX)/EGZEKISYON SOU REVNI

Pwosesis administratif kote yo fè dediksyon peman sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan dirèkteman nan salè li oswa nan lòt revni li, epi yo voye lajan yo pran an nan Inite Rekouvremant Sipò Timoun. Sa ka vle di dediksyon nan salè, konfiskasyon salè, oswa dediksyon nan pewòl.

INTERCEPT/SEZI

Metòd pou jwenn sipò timoun lè yo pran yon pòsyon nan peman ki pa salè yon paran ki p ap viv avèk timoun nan resevwa. Kèk nan peman ki pa salè yo ka sezi se ranbousman lajan taks, ak lajan ki fèt nan lotri.

INTERSTATE CASES/DOSYE NAN PLIZYÈ ETA

Dosye kote timoun depandan an ak paran ki p ap viv avèk timoun nan ap viv nan plizyè eta diferan epi kote de (2) eta konsène nan menm aktivite dosye sipò timoun nan, tankou detèminasyon oswa ranfòsman.

J

JOB CENTER/SANT TRAVAY

Pwen antre pou moun k ap chèche èd lajan kach. Li bay aksè sou plas pou chèche travay, fòmasyon ak plasman nan djòb ak avantaj tankou Medicaid, ak Koupon pou Achte Manje (Food Stamps). OCSE resevwa rekòmandasyon yo nan Sant Travay yo pou kliyan ki gen obligasyon pou kolabore avèk pwogram sipò timoun.

JUDGMENT/JIJMAN

Desizyon ofisyèl oswa konklizyon yon Jij oswa yon Majistra Sipò.

JURISDICTION/JIRIDIKSYON

Otorite legal yon tribinal oswa yon ajans administratif genyen sou moun patikilye ak sou sèten kalite dosye, anjeneral nan yon zòn jewografik ki defini.

L

LEGAL FATHER/PAPA LEGAL

Gason lalwa rekonèt kòm paran gason yon timoun. Pou yo kapab rekonèt li kòm papa legal la, yo dwe detèmine patènite a si paran yo pa marye youn ak lòt.

LIEN/DWA PRIVILÈJ

Reklamasyon sou pwopriyete pou evite lavant oswa transfè pwopriyete a jouk lè yo fè peman yon dèt.

LOCATE/CHÈCHE

Pwosesis pou jwenn yon paran ki p ap viv avèk timoun nan, pou kapab detèmine patènite a epi pou detèmine epi/oswa pou ranfòse yon obligasyon sipò timoun.

LONG ARM JURISDICTION/JIRIDIKSYON PWOLONJE

Dispozisyon legal ki pèmèt yon eta reklame jiridiksyon sou yon moun k ap viv nan yon lòt eta.

LOTTERY INTERCEPT/KONFISKASYON LAJAN LOTRI

Pwosesis kote yo voye lajan yon paran ki p ap viv avèk timoun genyen nan lotri ba Biwo Ranfòsman Sipò Timoun pou satisfè obligasyon sipò ki anreta.

M

MEDICAL ASSISTANCE (MEDICAID) ONLY (MAO)/ÈD MEDIKAL (MEDICAID) SÈLMAN

Fòm èd piblik ki bay avantaj ba benefisyè sèlman sou fòm èd medikal alapas èd lajan.

MEDICAL SUPPORT/SIPÒ MEDIKAL

Dispozisyon legal pou pwoteksyon medikal yo dwe mete nan yon lòd sipò timoun.

MODIFICATION PETITION/DEMANN POU MODIFIKASYON

Aplikasyon fòmèl alekri yo fè nan yon tribinal pou mande yon chanjman nan yon lòd sipò timoun ki egziste.

MONEY JUDGMENT/JIJMAN POU EGZIJE PEMAN LAJAN

Kantite lajan espesifik aryere Majistra Sipò a fikse, nan yon jijman fòmèl, ki akimile enterè 9% chak ane. Yo ka depoze yon jijman pou peye lajan nan Biwo Grefye Tribinal la.

N

NATIONAL MEDICAL SUPPORT NOTICE (NMSN)/AVI POU SIPÒ MEDIKAL NASYONAL

Avi yo voye nan travay paran ki p ap viv avèk timoun pou mande pou paran an bay pwoteksyon asirans sante, kote li disponib.

NEW HIRE REPORTING/RAPÒTAJ NOUVO ANBOCHAJ

Pwogram ki egzije tout patwon pou yo rapòte anplwaye yo fèk anboche ba Rejis Nouvo Anplwaye Eta New York pou posib ranfòsman obligasyon sipò timoun ak obligasyon sipò medikal avèk dediksyon lajan yo pran nan salè anplwaye a.

NONCUSTODIAL PARENT (NCP)/PARAN KI P AP VIV AVÈK TIMOUN

Paran ki p ap viv avèk yon timoun minè epi ki pa premye moun k ap pran swen timoun nan.

NOTARIZE/NOTARYE

Sètifye yon bagay, tankou yon siyati, sou yon dokiman legal kòm yon dokiman otantik oswa lejitim lè yo mete yon so oswa yon siyati sou li.

NUNC PRO TUNC

Siyifikasyon laten pou 'tanzantan' – li vle di chanjman dat yon lòd, nan yon jijman, oswa nan aplikasyon yon dokiman, ki fèt nan yon dat anvan.

O

OBJECTION/OBJEKSYON

Reklamasyon alekri, pou pa dakò avèk kèk kondisyon espesyal ki nan yon lòd. Objeksyon an dwe fèt nan 30 jou apre resepsyon lòd la.

OBLIGATION AMOUNT/KANTITE LAJAN OBLIGASYON

Kantite lajan sipò timoun paran ki p ap viv avèk timoun nan gen obligasyon pou peye.

OFFICE OF CHILD SUPPORT ENFORCEMENT (OCSE)/BIWO RANFÒSMAN SIPÒ TIMOUN

Divizyon Administrasyon Resous Imèn ki responsab pou jwenn ak ranfòse lòd sipò timoun pou fanmi k ap viv nan Vil New York.

ORDER/LÒD

Enstriksyon ki ekri ak siyen yon Majistra Sipò oswa yon Jij bay.

ORDER OF FILIATION/RELASYON PARAN

Lòd tribinal ki detèmine yon papa legal.

ORDER OF PROTECTION/LÒD PWOTEKSYON

Enstriksyon tribinal ki entèdi pou yon nan moun yo kontakte/kominike avèk lòt moun nan.

ORDER ON CONSENT/LÒD SOU KONSANTMAN

Lòd toulède paran yo dakò ki pou nan yon aksyon. Nan yon odyans pou sipò timoun, paran yo ka dakò pou yon kantite lajan lòd la ki diferan avèk gid Lwa sou Nòm Ofisyèl Sipò Timoun.

P**PARENT LOCATOR SERVICES/SÈVIS LOKALIZASYON PARAN**

Rezo enfòmasyon baz done leta yo itilize pou chèche moun ki pou reponn nan dosye sipò timoun yo.

PARTY/PATI

Moun oswa òganizasyon ki konsène dirèkteman nan yon zafè legal.

PASS-THROUGH PAYMENT/PEMAN VERIFYE

Moun k ap resevwa èd lajan kach epi ki gen lòd sipò timoun ka resevwa jiska \$100 dola pa mwa (\$200 dola si gen de oswa plis timoun k ap resevwa sipò timoun) sipò timoun yo touche nan menm mwa li dwe a; sa rele peman bonis oswa “san konsiderasyon” pou sipò timoun.

PATERNITY/PATÈNITE

Detèminasyon legal patènite. Yo dwe detèmine patènite a anvan yo kapab bay lòd sipò timoun nan oswa lòd sipò medikal la.

PATERNITY PETITION/DEMANN POU PATÈNITE

Aplikasyon fòmèl alekri yon moun fè nan tribinal pou mande aksyon lajistis pou detèmine patènite legal yon gason espesifik pou yon timoun espesifik.

PAYEE/BENEFISYÈ

Moun oswa òganizasyon ki gen non li ki resevwa peman lajan sipò timoun nan, pa egzanp, grann timoun nan.

PAYOR/PEYÈ

Moun ki fè yon peman, anjeneral yon paran ki p ap viv avèk timoun nan oswa yon moun k ap pran desizyon sou non timoun nan. Moun sa a rele debite tou.

PETITION/DEMANN

Demann fòmèl alekri yon moun fè nan yon tribinal pou mande yon aksyon tribinal la.

PETITIONER/DEMANDÈ

Moun oswa òganizasyon ki fè yon demann fòmèl pou kòmanse yon aksyon tribinal.

PIN (Personal Identification Number)/Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl

Nimewo idantifikasyon inik yo bay kliyan yo pou yo kapab jwenn enfòmasyon sou kont sipò timoun yo nan sitwèb (newyorkchildsupport.com) ak nan liy dirèk (888-208-4485) sipò timoun Eta New York.

POVERTY LEVEL/NIVO POVRETE

Nivo revni yo konsidere twò ba pou achte pwodui premye nesosite lavi a dapre gouvènman federal la. Nivo povrete ane 2013 pou yon sèl moun se \$11,490 dola. Pou chak lòt moun ki nan fanmi an, yo ajoute \$4,020 dola.

PROPERTY EXECUTION (PEX)/EGZEKISYON SOU PWOPRIYETE

Pwosesis administratif kote Biwo Ranfòsmen Sipò Timoun (OCSE) sezi resous finansye, anjeneral kont labank, yon paran ki p ap viv avèk timoun ki anreta na peman sipò timoun nan.

PRO RATA SHARE/KONTRIBISYON PWOPÒSYONÈL

Pòsyon kantite lajan total chak paran dwe peye pou detay ki nan lòd sipò timoun nan tankou gadri oswa depans medikal yo pa ranbouse.

PRO SE

Siyifikasyon laten pou 'reprézante poukont'; yon moun ki reprézante tèt li poukont li nan tribinal san yon avoka.

PUTATIVE FATHER REGISTRY (PFR)/REJIS PAPA YO SIPOZE

Dosye papa Eta New York konsève. Kèk egzanp dokiman yo konsève nan PFR se Rekonesans Patènite (AOP), lòd tribinal ki detèmine patènite, ak deklarasyon ki pa gen angajman legal konsènan patènite. Ou ka konsilte PFR nan zafè eritaj, adopsyon oswa nan nenpòt lòt zafè legal ki egzije pou mete papa yon timoun okouran.

R**RECIPIENT/BENEFISYÈ**

Moun oswa òganizasyon k ap resevwa lajan sipò ak/oswa avantaj èd piblik, tankou èd lajan kach, Koupon pou Achte Manje (Food Stamps), Medicaid, elatriye.

RECIPROCITY/RESIPWOSITE

Relasyon kote yon eta oswa yon peyi bay sèten privilèj pou lòt eta oswa peyi depi yo resevwa menm privilèj la.

RELIEF/REKOU

Mezi legal.

RESPONDENT/MOUN KI REPONN

Moun ki reponn nan demann an. Se kèlkeswa moun yo aplike pou mezi legal kont li a.

RETROACTIVE SUPPORT/SIPÒ RETWO-AKTIF

Sipò timoun tribinal bay lòd pou peye nan dat ki pase, anjeneral dat demann an te fèt la. Sipò retwo-aktif kreye yon dèt imedyat.

S**SANCTION/SANKSYON**

Penalite pou vyolasyon oswa pou mank kolaborasyon. Nan OCSE, sa vle di yon rediksyon nan avantaj yo enpoze sou yon kliyan èd lajan kach poutèt li pa kolabore avèk egzijans pou peye sipò timoun.

SELF- SUPPORT RESERVE/REZÈV POU SIPÒ PÈSONÈL

Faktè nan kalkil sipò timoun nan Eta New York lè nenpòt paran nan nivo povrete oswa toupre; rezèv pou sipò pèsonèl se 135% nivo povrete federal. Rezèv pou sipò pèsonèl pou ane 2013 se \$15,512 dola.

STEP (SUPPORT THROUGH EMPLOYMENT PROGRAM)/SIPÒ NAN PWOGRAM TRAVAY

Li bay fòmasyon pou jwenn djòb ak plasman nan djòb pou paran ki p ap viv avèk timoun nan epi ki pa kapab peye sipò timoun nan paske li p ap travay oswa paske li gen djòb ki pa peye li ase lajan. Tribinal la ka voye yon moun nan STEP nan moman odyans sipò timoun nan.

STIPULATION/KONDISYON

Akò ekri paran yo jwenn sou kote ki opoze nan yon dosye.

SUMMONS/PAPYE POU ALE NAN TRIBINAL

Avi ki endike yo kòmanse yon aksyon kont moun ki resevwa avi a. Yon papye pou ale nan tribinal pou yon odyans sipò timoun ap fè paran an konnen ki kote ak kilè pou li ale, ak ki enfòmasyon pou li pote.

SUPPORT COLLECTION UNIT (SCU)/INITE REKOUVREMAN SIPÒ

Divizyon Biwo Ranfòsman Sipò Timoun ki responsab pou rekouvremant, kontwòl ak debousman peman sipò timoun.

SUPPORT MAGISTRATE/MAJISTRA SIPÒ

Pwokirè Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi lonmen pou li kapab tande temwayaj yo, epitou pou li pran desizyon nan dosye sipò timoun yo.

SUPPORT ORDER/LÒD SIPÒ

Lòd tribinal bay pou detèmine obligasyon sipò timoun. Lòd sipò yo ka pwovizwa oswa yo ka final, epitou yo ka fè modifikasyon ladan yo. Lòd sipò yo ka gen ladan sipò lajan ak sipò medikal, depans pou gadri, depans pou edikasyon, ak peman aryere, enterè, penalite, ak lòt fòm rekou.

T**TAX REFUND OFFSET/KONPANSASYON AVÈK RANBOUSMAN LAJAN TAKS**

Pwosesis kote yo pran ranbousman lajan taks federal oswa lajan taks eta yon paran ki p ap viv avèk timoun nan pou peye yon dèt sipò timoun.

TERMINATE AN ORDER/SISPANN YON LÒD

Mete yon pwen final nan yon obligasyon; bay dat final pou sispann yon lòd sipò timoun. Peman aryere yo dwe toujou fèt.

U**UIFSA (Uniform Interstate Family Support Act)/Lwa sou Sipò Fanmi Inifòm pou Tout Eta**

Lwa federal yo te pibliye nan ane 1996 pou fasilite pwosesis pou resevwa peman sipò timoun nan limit eta a. Lwa a egzije eta yo pou youn kolabore avèk lòt pou jwenn ak ranfòse lòd sipò yo; li pèmèt eta yo pibliye dediksyon dirèk nan revni avèk patwon ki nan lòt eta yo; li anpeche yo bay plizyè lòd sipò pou menm dosye a nan plizyè eta.

V**VACATE AN ORDER/KITE YON LÒD**

Mete sou kote yon lòd ki te genyen anvan sou kote, tankou si li pa t janm egziste.

W**WAGE WITHHOLDING/DEDIKSYON NAN SALÈ**

Dediksyon otomatik nan revni ki kòmanse imedyatman yo voye yon avi pou IEX (Egzekisyon sou Revni) ba patwon an.

WILLFUL NON-PAYMENT/DEFO PEMAN VOLONTÈ

Paran ki p ap viv avèk timoun nan fè espere pou pa peye sipò timoun tribinal la egzije a menmsi li gen mwayen pou fè peman an.